

Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan
Untuk umum

Menak Lakat II

R. Ng. Yasadipura I



ktorat
ayaan

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

099232

4/8

20

MENAK LAKAT
II

TANGGAL	NO. I
18 NOV 1984	1350

PPS/Jw/12a/81

Milik Dep. P dan K
Tidak diperdagangkan

MENAK LAKAT II

Oleh

R. NG. YASADIPURA I

Alih Aksara

Drs. SUDIBJO Z. HADISUTJIPTO

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA
INDONESIA DAN DAERAH
Jakarta 1982

Diterbitkan seizin PN Balai Pustaka

BP. No. 1251a

Hak cipta dilindungi undang-undang

KATA PENGANTAR

Bahagiailah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalan karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalan sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergalai dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, yang berasal dari Balai Pustaka, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1982

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

ISINIPUN

12. Candhakistan Raja Lakat Dipun Biyantu Dhateng Raja Jenggi	13
13. Prajuritipun Raja Jenggi Ngedali Prang	16
14. Raja Jenggi Ngedali Prang	29
15. Raja Jenggi Ngedalaken Kasektenipun	38
16. Wong Agung Kapupu Ing Prang	45
17. Kangjeng Nabi Singidan Wonten Ing Guwa	51
18. Kangjeng Nabi Dipun Welehaken Dhateng Jabarail	65
19. Bagendha Ngali Nusul Dhateng Paprangan	75
20. Bardanas Ngojahaken Kasektenipun Bagendha Ngali ..	88
21. Raja Lakat Dipun Banda Dhateng Bagendha Ngali	97
22. Prajurit Lakat Sami Teluk	117
23. Redi Kut Dados Pasareyanipun Wong Agung	126

KATA PENDAHULUAN

Dalam cerita Menak Lakat jilid dua ini dilanjutkan peperangan antara Negara Madinah dan Lakat. Wadya bala Madinah dipimpin oleh Nabi Mohammad SAW, dan sebagai panglima perang masih tetap Sang Agung Menak Jayengrana dibantu oleh para sahabat Nabi sebagai pemimpin-pemimpin pasukan Arab. Telah diceritakan dalam jilid satu bahwa wadya Raja Lakat telah terdesak dan hampir tumpas. Raja Lakat yang tadinya merasa kuat dengan wadya balanya yang sekian banyaknya, hampir putus asa. Mau menyerah, dia merasa malu, mau maju perang lagi, ia merasa wadya balanya tidak kuat lagi terhadap pengamukan wadya Arab. Dan dalam kebimbangan itu, ia didatangi syaitan yang beralih rupa sebagai pendeta dan menjanjikan bantuan berupa Raja Jenggi yang dapat menewaskan panglima perang tentara Arab. Sang Amir Jayengmurti. Dan bantuan itu diterima oleh Raja Lakat dengan tangan terbuka dan hati senang.

Kedatangan Raja Jenggi yang diceritakan rupanya sangat jelek seperti binatang berbulu tebal, bahkan putik teteknya berderet seperti anjing, kulitnya hitam kelam, dengan segala kejelekannya, disambut Raja Lakat dengan penuh kehormatan dan kegembiraan, karena dianggap sebagai penyelamat negaranya.

Kembali para prajurit Raja Lakat bersama dengan bala tentara Raja Jenggi maju ke medan perang. Dan wadya bala Arab yang melihat bahwa Raja Lakat mendapat bantuan dari luar, bersiap-siap lagi untuk mengadakan penggepungan. Nabi Mohammad SAW yang mengetahui bahwa lawannya itu merupakan musuh berat, juga sangat berhati-hati dalam menghadapi musuh luar biasa itu. Dalam percakapannya dengan Sang Paman Amir Jayengrana, Nabi Mohammad SAW ingin memimpin sendiri pertempuran, namun ditahan oleh Sang Amir yang mengatakan bahwa dialah yang akan memimpin pasukan Arab, biarpun sampai menemui ajalnya. Dikatakan, dia sudah tua dan walaupun sampai gugur,

itu adalah untuk kepentingan seluruh tentara Arab, bukan kepentingan pribadi. Agaknya Sang Amir sudah merasa bahwa ajalnya akan tiba dalam peperangan ini.

Maka berkobarlah kembali peperangan dengan dahsyatnya. Mereka saling menggempur, saling mendesak; hujan peluru senjata api; hujan panah dari kedua belah pihak tidak ada yang menghiraukan, di kedua belah pihak tidak ada yang merasa takut mati. Pihak Arab menganggapnya peperangan ini sebagai perang sabilullah. Sang Amir Ambyah dengan segala kesaktiannya dan biasanya tanpa kesulitan dapat menaklukkan musuhnya kali ini sampai agak kevalahan karena desakan musuh dari segala jurusan. Di sini dibabat habis, datanglah berduyun-duyun penggantinya dari belakang, sedangkan di sebelah sana musuh terus mendesak. Akhirnya juga Raja Jenggi keluar ke medan perang. Senjatanya beraneka ragam dan sakti-sakti; mengamuknya Raja Jenggi luar biasa hebatnya, seperti bukan manusia lagi. Banyak sekali wadya Arab yang berjatuhan tewas. Raja Jenggi melepaskan panah yang mengeluarkan api dahsyat menyala dan banyak menewaskan musuh, dan Sang Jayengrana beserta kudanya ditelan nyala api, namun penunggang maupun kudanya tak luka sedikit pun berkat kesaktian Sang Amir yang diperoleh dari para Nabi. Sang Amir berdoa, turunlah hujan lebat yang memadamkan semua api. Kedua pahlawan sakti itu mengeluarkan segala kesaktiannya, namun hingga lama bertempur belum kelihatan tanda-tanda yang akan menang dalam perang tanding dahsyat itu.

Di suatu malam hari ketika kedua belah pihak sedang beristirahat, Raja Jenggi memerintahkan membuat lubang dalam di tengah medan pertempuran dan ditutup sedemikian hingga tidak kentera bahwa ada lubang. Pagi harinya perang berkecamuk lagi. Raja Jenggi keluar menantang, Sang Amir pun keluar menanggapi tantangan dan segera menyerang. Namun karena kurang hati-hatinya serta terburu nafsu, akhirnya Sang Agung Menak Jayengrana terperangkap beserta kudanya ke dalam lubang, dan dengan cepat dilempari batu dan ditimbun. Dan di dalam lubang di tengah medan laga, Sang Amir Ambyah, Sang Agung Jayengrana, menemui ajalnya karena tipu daya Raja Jenggi. Seajalnya Sang

Jayengrana, wadya bala Arab terus terdesak, akhirnya bubar berlarian tak tahu yang dituju. Bahkan Nabi Mohammad SAW dengan beberapa sahabat, terpaksa melarikan diri dan bersembunyi. Kebetulan di tengah hutan ada gua sempit tetapi tepat dapat dimasuki Nabi Mohammad SAW untuk bersembunyi. Karena bekas-bekasnya dijilat bersih oleh binatang katak dan kadal dan lubang guanya segera disarangi laba-laba, maka tak ada wadya bala yang mengejar mengira bahwa gua dengan lubang sempit itu dapat dipakai sebagai tempat persembunyian manusia. Dan selamatlah Nabi Mohammad SAW dengan hanya kehilangan satu gigi terkena batu yang dilemparkan ke dalam oleh musuh untuk meyakini bahwa di dalam gua itu tidak ada orang bersembunyi. Kemudian Malaekat turun dan mengatakan kata-kata penyesalannya bahwa Sang Nabi telah diberi peringatan akan segala sesuatunya yang akan terjadi, bahkan sebelum dimulai peperangan dengan Lakat, namun Sang Nabi tidak menghiraukan peringatan tersebut. Dan inilah akibatnya hingga Sang Nabi kalah perang dan terluntalunta seperti sekarang ini.

Sementara itu Sayidina Ali, kemanakan dan juga menantu Nabi Mohammad SAW masih menderita sakit di Madinah. Istrinya, Dewi Fatimah, mencari kabar dari wadya yang kembali bagaimana keadaan perang di Lakat. Namun yang ditanya hanya menjawab dengan kata wallahualam. Dan tahulah Sayidina Ali bahwa Nabi Mohammad SAW kalah dalam peperangan. Segera ia menyusul, walaupun masih agak sakit. Tiba di medan perang Sayidina Ali mengamuk wadya bala Lakat, namun juga agak kewalahan karena banyaknya musuh. Kemudian ia mendapat warasat dari Yang Maha Tahu, kalau mau menghabiskan musuh, walaupun banyak, harus dimulai dari pinggir, jangan langsung maju ke tengah. Dan demikianlah dilakukannya.

Wadya bala Lakat habis dibabad pedang Sayidina Ali, dan akhirnya bahkan Raja Lakat dan para raja dapat ditangkap dan diikat. Raja Jenggi dapat meloloskan diri entah ke mana.

Sayidina Ali kemudian dapat bertemu dengan Nabi Mohammad SAW dan membawa kepastian bahwa Sang Agung Menak Jayengrana benar telah gugur dalam perang syahid di medan pertempuran

dan wadya bala Arab yang masih hidup semua dapat dikumpulkan kembali di pasanggrahan.

Para raja taklukan Sayidina Ali yang masih diikat, diserahkan oleh Sayidina Ali kepada Nabi. Semuanya berkata mau tunduk asal dibiarkan hidup. Dan mereka bersedia pula beralih agama dan masuk Agama Islam, dan mereka mendapat pengampunan dari Sang Nabi.

Kepada Raja Lakat ditanyakan, di mana jenazah Sang Amir Ambyah. Dijawabnya bahwa jenazah tersebut masih dalam lubang di tengah medan pertempuran bersama dengan kudanya. Nabi Mohammad SAW memerintahkan untuk mencarinya sampai ditemukan. Dan akhirnya di dalam lubang di tengah bekas medan laga ditemukan jenazah Sang Amir Ambyah, masih utuh tubuhnya dengan segala pakaian keprajuritannya dan tetap naik di atas kudanya, karena wadya bala Lakat tadinya tidak ada yang mampu mengangkatnya dari lubang. Hanya hatinya yang diambil oleh Raja Jenggi untuk dilihat apakah hati pahlawan gagah berani itu memang beda dengan hati orang biasa.

Memang berbeda, sebab pada hati Almarhum Sang Agung Menak terlihat ada sembilan lubang, sedang ukuran hatinya lebih besar dan lebih melengkung dari pada hati orang-orang biasa yang jauh lebih kecil.

Setelah jenazah Sang Agung Menak dientaskan dari lubang dan pakaian keprajuritannya agak disingkapkan, terlihatlah bahwa hatinya sudah tidak ada. Bukan kepalang marah Sayidina Ali melihat keadaan itu. Hampir Raja Lakat dibunuh, namun akhirnya kemarahannya dapat dilaraikan. Raja Lakat disuruh mencari sampai ketemu hati Sang Amir Ambyah Almarhum. Untung hati tersebut dapat ditemukan kembali dan akhirnya setelah dicuci bersih, bahkan dapat dipasang kembali di tempatnya di tubuh Almarhum Amir Ambyah.

Kini diputuskan agar jenazah diangkut ke Madinah untuk dimakamkan di negara itu.

Jenazah disucikan seperlunya dan disiapkan untuk diusung ke Madinah sebagai tempat peristirahatan terakhir Sang Amir Ambyah, ya Sang Agung Jayengdimurti.

12. CANDHAKIPUN RAJA LAKAT DIPUN BIYANTU DHATENG RAJA JENGGI

SINOM

1. Antawis kirang saejam
lampahira Raja Jenggi
lawan pambitingan Lakat
gya kendel saguninging dasih
sang nata mlampah ngarsi
ambekta wadya rong puluh
nulya Bardanas prapta
wus caran-ngancaran sami
Raja Jenggi wus tedhak saking ing rata.
2. Bardanas tedhak sing kuda
gya wengkul-winengkul sami
sang nata ngenorken raga
Bardanas tansah ngraketi
tan mantra anyar panggih
panguswaning tyas lir juruh
ganti bareng rangkulan
lir mintuna lawan mimi
sang Bardanas dhasare luwes sambada.
3. Wus samya tunggal sarata
Jenggi lan Bardanas patih
anggusthi samarga-marga
wus prapta kikising biting
angling Bardanas patih
lah ing mangke yayi prabu
sampun gabahing sabda
lan gusti kula Sang Aji
sawab sanes bangsane Lakat lan Ngabsah.
4. Jenggi amangsuli sabda
sakarsa amba lumiring
lan malih raka paduka

sabarang kasrah ing mami
datan kawarneng marga
wus cundhuk lan Lakat Prabu
susugun kalihira
angestu sang Raja Jenggi
raja Lakat angrangkul nguswa mustaka.

5. Sang Prabu Lakat tatanya
dhumateng sang Raja Jenggi
Yayi Prabu paran karsa
dene nusul wong ngajurit
umatur Raja Jenggi
ing purwa wusananipun
sumedya ngestu pada
lumampah nggulangi kardi
raja Lakat miyarsa kalangkung suka.
6. Tepung ujing pandhita
ing nguni kang asung wangsit
wusana arum manabda
prakara denira jurit
sirnane tiyang Mukmin
mangsa borong yayi prabu
Jenggi matur sandika
Raja Bardanas nambungi
tiyang Islam ugere amung satunggal.
7. Inggang nama Amir Ambyah
wanteripun anglangkungi
sakti sura widigdaya
ngungkuli samining jalmi
yen mangsah nilar dasih
ngandelken prawiranipun
yen ngamuk munah mengsah
cumethi ageming jurit
singa inggang kaparag tumpes gelasah.
8. Mangsuli Jenggi Narendra

rangkepa sakethi sisih
sarambut pinara sasra
amba tan duwe kuwatir
Bardanas amangsuli
yayi prabu sewu sukur
yen saged sirna Ambyah
entheng boboting ngajurit
tiyang Islam pasthine dhadhal kewala.

9. Mangsuli jeng Sri Narendra
sampun susah kakang patih
menggah risake tyang Islam
wus kagegem asta mami
lan pesthekena malih
pejahe pun Jayengsatru
yen datan kalampahan
apagas sun kahur mati
langkung latah gumujeng raja Bardanas.

10. Gya matur mring prabu Lakat
yen marengi paduka ji
rayinta prabu ing Ngabsah
dimen makuwon samangkin
amba ingkang ngladosi
ya ta rinojongan sampun
saksana luluwaran
Bardanas lan Raja Jenggi
kalihira kacundhukan ing sakarsa.

13. PRAJURITIPUN RAJA JENGGI NGEDALI PRANG

DURMA

1. Durma Jenggi makuwon sabalanira
papanthan pirang biting
wadya pirang-pirang
lir sagara belabar
saha atur bulu bekti
cethi biyada
dhateng Lakat Narpati.
2. Aprituwin wadya andeling Sang Nata
wasta sang Jaburmali
desa tunggalira
Kasralkudus Narendra
prakoswa widagdeng jurit
wudhu ing rana
mungsuhe padha wingwrin.
3. Ageng inggil rong pupuh kaki luhurnya
sembada geng ngajrihi
kang ujwala kembar
tan wiguh gelaring prang
agul-aguling wong kapir
kagila-gila
pupug digdayeng jurit.
4. Patihira awasta risang Suteja
ya ta sang Raja Jenggi
gusthi lan Bardanas
maju munduring aprang
Bardanas tansah methuki
jeng Sri Narendra
digdaya manah kibir.
5. Sri Narendra abusana sarwa abra
kadya lintang sakethi

ateban menggala
kadya wulan neng jaja
makutha kebak retnadi
pating galebyar
surem mene kang rawi.

6. Pasemone kadya wrata binusanan
dinulu gigilani
kairing wanodya
pinilihan sadaya
garwa sewu tan ana keru
Jeng Sri Narendra
dahat manungku resmi.
7. Raja Jenggi dumugi denny kasukan
wor wuru kaduk lali
sanjata geng tansah
muni lir gelap sasra
gumuruh swaraning jalmi
para prawira
ngajab tineter jurit.
8. Enengena warnanen Sayid Bubakar
wus sowan mring Jeng Nabi
katur sasolahnya
Jeng Nabi langkung suka
wusana ngandika aris
sira Bubakar
de nganti kalih ratri.
9. Abuöakar umatur mring Nabiyullah
nguni amba anganti
dasih tuwan ingkang
anukma biting kopar
lan nakyinaken pawatri
sapraptanira
jarwa solahing kapir.
10. Nguni sareng kawon yudane lan tuwan

Lakat tan tumut jurit
wadya sapratigan
kalih duman ingkang prang
saduman kang tengga biting
patih Bardanas
dadya titindhih jurit.

11. Sasisane kang pejah mundur sadaya
Patih Bardanas gendring
pan bolos sadaya
satriya para raja
destun ingkang kalih biting
kang purun seba
dhateng Lakat Narpati.
12. Pun Bardanas sareng prapta jarwa ing prang
dhateng gustinireki
sadaya wong kopar
samy maras ing manah
mirsa tandange ing jurit
punggawa Islam
awrat sinanggeng jurit.
13. Enjingira wonten malih raja prapta
awasta Raja Jenggi
sing nagri Ngabesah
rong ewu bala raja
cacah mantri sangang kethi
prajuritira
pirang-pirang wong kapir.
14. Ratu Ngabsah gung pan agung sapunika
kasektenira luwih
wignya mbles pratata
mesat mring jumantara
warnanya tan limrah jalmi
wulu apanjang
riwut ketel ngajrihi.

15. Geng aluhur susu renteng kadya sona
netra sumurup kethip
cangkathak lir wraha
lir mangsi cemengira
jajanira semu abrit
timbuling braja
andelira kekalih.
16. Kang satunggal Jaburmali wstanira
Kasralkudus satunggil
sami widigdaya
kalih timbuling braja
patihira Raja Jenggi
aran Suteja
sedya nanggulang jurit.
17. Dangu kendel nenggih Jeng Nabi Mustapa
wusana animbali
mring Bagendha Ngumar
Ngusman myang ingkang paman
Jeng Sultan Wiradimurti
myang Sayid Ngabas
wus samya munggend ngarsi.
18. Apri tuwin pra sakabat kawandasa
miwah para narpati
aglar aneng ngarsa
Kangjeng Nabi ngandika
turnya Abubakar sidik
sampun jinarwa
sadaya sahur peksi.
19. Sampun susah gusti prakawis kang mengsah
angeblegana bumi
yen wong laknat kopar
pun dasih datan wegah
sanadyan tumibeng pati
ing sabilullah

dados renaning ati.

20. Amir Ambyah umatur katur priyangga
Gusti sampun kuwatar
nanging dipun lila
Gusti dnateng kang paman
yèn amba prapta ing janji
pejah ngalaga
dados bantening Nabi.
21. Lamun tuwan tan lila pejan kawula
pasthi awrat ing jurit
sabab prang kawula
taksih ngangge wetara
ajeng unduring kang kardi
ngrebat ing bala
awrat enthenging jurit.
22. Temtu temah pun Mukmin datan anyangga
yèn amba tan nglah^huhi
amba wus uninga
awrat tiyang ing Ngabsah
yèn tuwan ngumbar mring mami
yekti tan susah
lawan karsaning galih.
23. Wekasane tuwan lananging ngayuda
tur masrik tekeng magrib
aradin sadaya
tan ana muna sika
yèn tuwan pasrah ing Widhi
badan kawula
yekti sampun ginalih.
24. Pan ing mangke gusti kawula wus tuwa
sedhenge mati sabil
ngupados punapa
kamulyaning akherat

lan amba wus tuwuk mukti
wonten ing donya
sih nugrahaning Widhi.

25. Kangjeng Nabi ngandika maring kang paman
lah Paman lamun kenging
sampun ngantos tiwas
kafir esmu den kalah
klampahana masrik magrib
radin sadaya
lampah agami suci.
26. Bagendha Mir matur ing Nabi Mustapa
paduka milih pundi
satunggal lan kathah
papan rupak lan jembar
ngandika Jeng Nabi Murti
ngong plaur kathah
lawan ingkang satunggil.
27. Rupak jembar ngong pilahur ingkang jembar
umatur Bagendha Mir
punapa kang mulya
dasih sagunging wadya
remen nalar kang nrancahi
padhanging jagad
lawan prakawis jurit.
28. Lah punapa tamtu kalawan sandeya
mangsuli Kangjeng Nabi
inggih tamtu aprang
malih matur Jeng Ambyah
punapa gusti den anti
suwawi mangkat
sigra tengara jrit.
29. Mung gumuruh swarane wadya sumahab
wor pangrik turanggesthi

senjata geng munya
pracihna mangkat yuda
gumludhug lir glap sakethi
wus sinauran
dening sanjata kapid.

30. Sigra budhal bala kuswa ing Madinah
kadya sela blekithi
wardu hangga sasra
mawukir guntur agra
anjrak kumalaning rawi
migung swandana
lir pendah kilat thathit.
31. Rindhik-rindhik gunastra maguna raras
tunggul kekandha asri
lalayu bandera
sanghyang lekaweng teja
ebek sing mandrawa keksi
untabing wadya
lir jalanidhi ngalih.
32. Enengena Wong mukmin ganti kocapa
wau sang Raja Jenggi
wus amatah-matah
kang badhe banjel yuda
sapalih prajurit kapid
medal ing rana
sapalih rumeksa Ji.
33. Tindhihira pelagan Patih Suteja
lawan Sri Jaburmali
Kasarkudus ingkang
dadya ugering aprang
gunging kapid gigirisi
kagila-gila
swara lir guntur ardi.

34. Myang gumuruh tengara asasauran
lir udan sinemeni
sumrek kang gurnita
anjrak braja prekatha
lir sagara agni ngalih
atumpa-tumpa
sanjata biting muni.
35. Raja Jenggi eca denira sukan
lawan Lakat Narpati
myang Patih Bardanas
pri tuwin raja-raja
kang samya bantu ing jurit
asewa gara
kalangenan angenting.
36. Kawarnaa ingkang sami mangkat yuda
tempur Islam lan kapir
wus samya atata
aneng kiduling arga
wong Islam anggolong pipit
kapir belabar
tandangira lir iblis.
37. Kuneng mengsah kadya buta munah jambal
sigra cucuking jurit
rame long-linongan
breg-binreg kathah pejah
sinungsun-nungsun mawanti
sanjata sarat
singa kapapag gusis.
38. Suprandene tan ana kang ngeman pejah
ing wuri jejel wani
arempak-rinempak
ucik-ingucik panggah
tan ana nedya gumingsir
samya sudira

wong Islam lawan kapir.

39. Wadya kapir dhasare padha munggaran
tur angerobi tandhing
yen tumpes saleksa
sayuta wuri prapta
kaya sulung mlebu geni
mangsah mangrempak
nangkep sing kanan kering.
40. Wus wateke kapir kirang duduga
kawus-kawus kang mati
merem wadya Islam
sangsaya kewalahan
dhasar wus sayah ing jurit
karoban lawan
mundur jinejel kapir.
41. Datan kena pinulih ameksa bubar
tan na ajrih ing gusti
amerem kewala
pra sakabat bramaty
kawandasa ambeg pati
nanggulang kopar
nanging meksa kalindhah.
42. Wadya kapir tumpes ngarsa wuri ngidak
warnanen Bagendha Amir
sabala narajang
anglambung saking kanan
amawur barising kapir
wadyanya Ambyah
sadaya ambeg pati.
43. Pan pranyata anenggih Bagendha Ambyah
yen ngrasuk agem jurit
kang para wasiyat
Nabi kagem sadaya

tan ana kelar nadhahi
miwah Jeng Ambyah
yen kala nitih wajik.

44. Ran pun Digtya nyambel iler pamulungnya
galak kagiri-giri
untu ngapurancang
singa sinaut pejah
tracaknya waja malungit
apan pranyata
babuning kuda peri.
45. Narpayaksa pun Ranes rane denawa
angsalira Jeng Amir
duk kondur sing Ngajrak
punika purwanira
miwah agemira malih
pun Kalisahak
dhawuk ulesing wajik.
46. Angsalira duk Ambyah maksih taruna
cangkrama mring pasisir
lawan Umarmaya
kuda sing jro talaga
nander mrepegi Jeng Amir
duk dhinginira
nenggih ingkang darbeni.
47. Kangjeng Nabi Iskak prajuriting jagad
nenggih ingkang turanggi
dadya ageming prang
mila Jeng Amir Ambyah
pilih tandhing ing ngajurit
sang Jayengrana
ngamuk anggigilani.
48. Wadya kapir narajang mawut gelasah
den amuk ing cumethi

samya tigas pagas
sinaut kuḍa pejah
tinubruk babrak ngemasi
sinepak sempal
wong kapir bubar ngisis.

49. Pan pinati Jeng Amir pananderira
kapir lir den babadi
cinumethi glasah
prandene mantri kopar
miwah kang para narpati
samya narajang
ngembuli Bagendha Mir.
50. Warna-warna anitih turangga liman
singa sinerang mati
anyabet sapisan
seket sawidak pagas
gajah jaran tigas pacing
sisaning pejah
wong kapir samya miris.
51. Wadya kapir ingkang aprang aneng dhadha
wikan ing wuri jisim
sadaya anulak
wadya Islam angrempak
wus bubrah tataning baris
pating salebar
wong kapir kocar-kacir.
52. Raja Jaburmali sigra anarajang
nitih swandana esthi
sarya sikep gada
wrat putung ewu kaya
amapag Bagendha Amir
yun-ayunan
patempuhira siring.

53. Nguwuh-uwuh sang Jaburmali susumbar
sapa sira prajurit
ambeg peksa lanang
kaya wong ingopahan
tan kelar mungsuh lan nami
Bagendha Ambyah
sumaur semu runtik.
54. Laknat kopar ya ingsun kang aran Ambyah
agul-aguling Mukmin
balik sira sapa
amethukaken ing wang
sumaur sun Jaburmali
Ngabsah tan ana
prajurit kaya mami.
55. Amir Ambyah sareng miyarsa sabda
talingan lir sinebit
saksana narajang
Jaburmali anggada
tuna dungkap tibeng siti
bantala bungkar
sinarengan cumethi.
56. Gajah remuk gumebrug Sri Jabur tiba
rinejah ing turanggi
gadanira langkah
Jabur aburangkangan
sinaut kang bahu kering
dening turangga
pagas gya cinumethi.
57. Sirah ajur wong kapir sangsaya giras
Kasralkudus ningali
saksana narajang
sikep gada andharat
tandangira mobat-mabit
wonten wong Islam

siji ginada lalis.

58. Remuk nulya kang bangke sinempal-sempal
Ambyah kalangkung runtik
sigra anarajang
Kasrulkudus anggada
tinadhahan ing asta Mir
gada binuwang
mring Amir tibeng tebih.
59. Ksralkudus saksana anarik pedhang
sinabet Bagendha Mir
tinadhah asta
rinebat sampun kena
pinutung dadya kalih
Kasral anunjang
tinadhahan cumethi.
60. Gulu rampung gumuling wus pejah
Patih Suteja gendring
wong kapir puyengan
tan beda sapu wudhar
pating bilulung wong kapir
denya lumajar
anunjang rebut urip.

14. RAJA JENGGI NGEDALI PRANG

PANGKUR

1. Ing wuri saya matumpang
bangke kapir kaya babadan pacing
liman turangga lir gunung
temahan sagara rah
sarah watang lumut bandera lalayu
turangga tan ngambah lemah
ngancik saluhuring jisim.
2. Anenggih Jeng Amir Ambyah
waktu luhur denira wiwit jurit
ngantos ngajengaken subuh
denira munah kopar
tansah anglut dhateng ing sapurugipun
kang kacandhak pinatenan
nulya kasaput ing wengi.
3. Gya wangsul Bagendha Ambyah
pan samarga kapethuk ingkang abdi
kang samya nututi wau
nanging meksa tan kocap
Mangawiyah Kasah sakabat kang tumut
dhateng Jeng Bagendha Ambyah
untap-untapan neng wuri.
4. Warnanen Jeng Nabiyullah
duk pinarak angumpulaken dasih
sakabat lan para ratu
andher aneng ngayunan
tansah nganti mring kang paman rawuhipun
Jeng Nabi nulya parentah
angetang wadya kang sahid.
5. Miwah wadya kang kabranan
wus winilang nulya dipun serati

apanta ngantos sadalu
makuwon neng paprangan
wus warata sinung salawat sadarum
ingkang samya sabilullah
tanapi kang nandhang kanin.

6. Sinung ganjaran sadaya
awarata dene sakehing mayit
wus sinalataken sampun
samya pinetak ngarga
Amir Ambyah wus prapta ing ngarsa Rasul
ing madya ratri wayahnya
kang mentas ngusir pun kapir.
7. Jeng Nabi dangu mring paman
ing samula buka umatur sanis
karsa jinarwa sadarum
nging ragi sinatengah
Mungawiyah lan Kasah jajarwa putus
Gusti paman paduka mByah
ngebat-ebati duk jurit.
8. Pangraos kula malekat
singa ingkang sinabet ing cumethi
wadya kapir bubar gempur
lamun nabet sapisan
kapir seket sawidak satus pan rampung
saweneh kang nunggang kuda
gembung pagas tibeng siti.
9. Gembung taksih nunggang jaran
pinten-pinten yutan kethen kang mati
raja pinten-pinten atus
samya pejah galasah
pangagenge nata digdaya nung-anung
Kasraskudus Jabur pejah
punika andeling kapir.

10. Patihing Ngabsah nagara
pun Suteja giris lumayu gendring
punika kang dipun elud
dhumateng Paman tuwan
kirang kedhik kacandhak kasaput dalu
tan wonten sapara liman
kapir sasisaning pati.
11. Jeng Nabi kalangkung suka
aningali dhateng kang Paman Amir
Sayid Abubakar matur
kang mengsah taksih awrat
Raja Jenggi digdaya kalangkung-langkung
bala kapir taksih kathah
prajurite Raja Jenggi.
12. Nabiyullah angandika
nora susah yen maksih Paman Amir
nadyan akeha wong kupur
lir wedhi ing samodra
sun tan ulap sanadyan sekti pinunjul
sok maksiha Paman Ambyah
mangsa dadiya kalilip.
13. Nengena Jeng Nabiyullah
kawarnaa wau Narendra Jenggi
neng ngarsane Sang Aprabu
sineba para raja
Kyana Patih Suteja mangrepeg ngayun
matur solahing dinuta
tumpesing prajurit kapir.
14. Para raja kathah pejah
Jaburkudus kasambut ing ajurit
sirnane wadya sadarum
rinusak dening Ambyah
sura-sura awanter digdayeng pupuh
sigid aladak sembada

suwarna lir Sanghyang Tulis.

15. Cumethi gagamaning prang
kuda galak singa sinaut mati
wong tinujah babak lampus
sinepak jaja benchah
panas baran awanter Sang Jayengsatru
yen ngamuk atilar bala
tandangnya lir kilat thathit.
16. Myarsa Dawilkusen raja
myang Bardanas miyarsa kirig-kirig
tomtomen mring Jayengsatru
matur Patih Suteja
wau amba sampun kasaput dalu
wikan pejah wikan gesang
pinlecit dening sang Amir
17. Sang Raja Jenggi bramatya
bekos-bekos mangkorog tingal andik
gigit waja bakat-bakut
wusana akras nabda
lah Suteja munduran anggunggung mungsuh
tangkepa sewu si Ambyah
nora duwe ulap mami.
18. Jenggi matur mring Sri Lakat
yen marengi amba mundur ngarsa Ji
tuwan kantuna Sang Prabu
ecaa andrawina
amba arsa ngayomi Sang Jayengsatru
nanging pun kakang Bardanas
anjenengana mring mami.
19. Dadosa tingal paduka
pasthekena pejahipun pun Amir
kethok-kethoken wakingsun
yen mrojol saking asta

langkung suka Sri Lakat amanggut-manggut
nulya sampun luluwaran
enjing tengaranya muni.

20. Sri Jenggi nulya parentah
minta wadya kawan dasa sinelir
samyā santana sadarum
andel tur kasarira
ratu tatal atatas marang pakewuh
sadaya wahana kuda
tan ana anyipta urip.
21. Sang nata anitih rata
rukma lumrang kenyarira respati
Raja Bardanas tan kantun
samyā nunggil sarata
Sang Suteja nindhahi bala wadya gung
kinen lumampah ing wuntat
sang natarsa perang tandhing.
22. Parentahira mring wadya
mangke lamun Sang Nata campuh jurit
aja ana kang tutulung
tetegana sing wuntat
saguning wong padha suraka sadarum
lan kurmat sanjata lanang
ywa pegat gamelan muni.
23. Wus rampung parentahira
sigra budhal wau sang Raja Jenggi
tengran sanjata jumegur
kadya gelap sayuta
wus nimbangi mriyeming Mukmin gumludhung
untabe wadya ing Ngabsah
lir sagara tanpa tepi.
24. Wong Islam wus baris aglar
tengara ngruk barung panjriting esthi

baris sakiduling gunung
gelar emprit aneba
wadya tusan apan samya sinalulup
dening wadya pipilihan
pra sakabat anindhihi.

25. Pri tuwin kang para nata
bala-bala prayitna saha dasih
mariyem sinungsun-sungsun
panggriting mimis obat
amayungi ingkang dharat enggenipun
kang nitih turangga liman
kang dharat kang den ampingi.
26. Jeng Gusti Nabi Mustapa
kang minangka pangungsening wong jurit
neng dadha sakabat tepung
tan tebih Abubakar
baris kanan Ngumar kang mecalang kewuh
buntar kering Sayid Ngusman
Ngabas mungkasi neng wuri.
27. Nindhihi sarerehanya
sura-sura wong Islam golong pipit
dening Sang Jayengsatru
senapati ngalaga
baris ngiras dadya cucuking prang pupuh
pramugari ngiras dhadha
Jeng Sultan Wiradimurti.
28. Manglela munggeng turangga
ran pun Digtya prathistha songsong kuning
kinubeng wadya bala gung
prituwin para nata
tata rampak ngemuli ing wadyanipun
Kasah Kasim Mungawiyah
kinanthi Sang Jayengmurti.

29. Adangu denira ngantya
wadya kapir dereng anempuh jurit
nanging wus samya kadulu
dangu sawang-sinawang
wadya Mukmin binanjelken wadyanipun
sarta nguluki sanjata
tengara surak melingi.
30. Manrot Jeng Bagendha Ambyah
wadya surak kadya ngrubuhna langit
kang uluk-uluk sinungsun
mimis sanjata sarat
anibani wong kapir kathah kang lampus
keh tugel turangga liman
geger puyengan wong kapir.
31. Sang Raja Jenggi bramatty
nulya mangsah anitih rata manik
lawan andel patang puluh
tanapi Sri Bardanas
wus lumarap lir endra jala lalaku
gumrah tengaraning Kopar
pradangga nganggang munya sri.
32. Suraknya lir langit rebah
Raja Jenggi nrajang barisan Mukmin
wong patang puluh angamuk
sarya asikep pedhang
wadya Islam samya anadhahi gregut
giyak anglarihi watang
pan sarwi angrutug bedhil.
33. Wong kapir jinurung setan
tan tumama mimis panah lan biring
sing istijrate Sang Prabu
bala lir saradula
pangamuknya singa katarajang mawur
bramatya Sang Jayengrana

kudanira den cumethi.

34. Nander lumarap lir kilat
wadya kapis singa katarajang mati
cinumethi tigas rampung
remuk sakudanira
pan pranyata cumethinya Jayengsatru
luput wong teguh yuwana
prajurite Raja Jenggi.
35. Wong patang puluh wus telas
wadya Islam surak banjel wus pulih
tengara umyang gumuruh
pangamukira Ambyah
kirang kedhik cundhukira lan Sang Prabu
sigra sang Jenggi narendra
jemparingira pinusthi.
36. Mijil taksaka agalak
wendran baran angamuk mring wong Mukmin
wong Islam bubar wus larut
lumayu salang tunjang
saya kathah naga sing awang lir jawuh
bubrah tataning wong Islam
samyang ngungsi mring Jeng Nabi.
37. Jeng Ambyah pegel ing manah
datan wignya ngingeraken turanggi
pun Digtya giras andulu
naga wendran abaran
langkung kewran pangamuknya Jayengsatru
nyumethi saangsalira
pirang-pirang naga mati.
38. Jeng Nabi awas tumingal
yen kang paman kewran denira jurit
mogok kudanira tatu
Nabi Murti gya mangsah

pun Bukayar mogok kinetap tan purun
ajrih taksaka awendran
samy galak gigirisi.

15. RAJA JENGGI NGEDALAKEN KASEKTENIPUN

DURMA

1. Mundur musthi tikswara Jeng Nabiyullah
amrubul gigirisi
awendran abaran
bayak seseging tawang
lir jawah kehing jemparing
kanthi mukjjat
nenggih ingkang jemparing.
2. Inggang naga pejah katiban tikswara
pirang-pirang wus enting
pejah nulya muksa
puluh baring Islam
surak lan tengara muni
kadya ampuhan
Ambyah ngetap turanggi.
3. Sigra nempuh dhateng Sang Narendra Ngabsah
Jenggi gupuh denya ngling
kang Patih Bardanas
sinten mengsah punika
surambek apeksa luwih
Bardanas lingnya
inggih pun Ambyah yayi.
4. Yen suwawi pan inggih den ulatena
yekti ambebayani
pun Ambyah yen yuda
kadya dede manungsa
nampel wentis Raja Jenggi
sabdhanira kras
kakang sampun kuwatir.
5. Sareng celak wau Jeng Bagendha Ambyah
kebat sang Raja Jenggi

den inger kang rata
lumarap kadya kilat
Bagendha Ambyah mangungsir
barising Islam
pra samya anungkebi.

6. Raja Jenggi anggedheg gandhewanira
tikswara medal agni
geng kagila-gila
mulat dhateng ngawiyat
geger wadya bala Mukmin
asalang tunjang
binuru dening geni.
7. Kathah pejah wong Mukmin geseng kawlagar
samyang angungsi Nabi
Amir panggah ing tyas
aneng jroning dahana
samyang anyana wus sahid
gumrah wong kopar
suraknya gigirisi.
8. Pan pranyata Wong Agung Anjayengrana
tan pasah dening geni
tan geseng ing kobar
saking sawabing jimat
kendharat sing Nabi Kilir
jinurung ing Hyang
sung jimat mring Jeng Amir.
9. Kudanira aneng sajroning dahana
wulunira tan busik
sing pangreksaning Hyang
dahana datan panas
ribet Jeng Bagendha Amir
tansah gagasan
aneng sajroning geni.

10. Bala kapir asurak lir langit rebah,
wong Islam bubar gusis
Jeng Nabi kesisan
majeng-majeng katulak
dahana giri-giri
Jeng Nabiyullah
mundur denira jurit.
11. Pra sakabat samya bingung bilulungan
arsa ngungsi Jeng Nabi
kadya sapu wudhar
warnanen Jenggi raja
lawan Sang Bardanas patih
kalangkung suka
wong Mukmin bubar gusis.
12. Lawan malih dinuga Ambyah wus pejah
geseng kaparag agni
Sang Nata susumbar
lah payo wong Madinah
cumanthaka magut jurit
tan kulak warta
ingsun narendra luwih.
13. Ya ta wau Wong Agung Anjayengrana
kang aneng jroning geni
sumungkem kakapa
nunuwun ing Hyang Suksma
nulya parmaning Hyang Widhi
dan salah mangsa
adres kang punang riris.
14. Kang dahana wus sirna dadak sekala
pulihan barising Mukmin
Jeng Bagendha Ambyah
ningali Jenggi raja
saya bramatya tan sipi

sinerang sigra
panandernya lir thathit.

15. Sampun tempuh Amir lan Jenggi narendra
kang rata cinumethi
anjog saking kuda
inganteb petakira
wus prayitna Raja Jenggi
mesat lir kilat
Bardanas dipun cangking.
16. Mung kusirnya kuda pangirid kang pejah
rata ajur wor siti
geger wadya kopar
angungsi pambitingan
saya dres kang punang riris
awor lan barat
nulya kasaput ing wengi.
17. Bagendha Amir mangu ing galihira
nulya ngruruh Jeng Nabi
apeteng gagasan
samana sampun panggya
wus samya tedhak sing wajik
ararangkulan
kang Paman lan Jeng Nabi.
18. Pra sakabat sadaya abilulungan
apisah lawan gusti
ya ta Nabiyullah
nganti sadalu pisan
lereb neng paprangan malih
sawadyanira
tan wangsul dhateng biting.
19. Kawarnaa wau sang Jenggi narendra
kang mesat mring wiyati
lan Raja Bardanas

cinangking mring Sang Nata
manahira ketir-ketir
ajrih kalintang
tansah sumelang patih.

20. Raja Jenggi wus niyup sing pambitingan
pinrak ing pancaniti
aglar kang sewaka
lan sagung para nata
miwah ki Suteja patih
Raja Bardanas
kang neng ngarsa tan tebih.
21. Andrawina lan sagunging para raja
miwah satriya mantri
wuru-wuru samya
gumuruh swaranira
mariyem tan pegat muni
gamelan nganggang
barung awor saruni.
22. Wadya kapir sadalu tansah tikata
samya prayitneng westhi
sinamur kasukan
lalangen wanodyendah
ulah kawignyan angenting
sukaning Kopar
dadya kareneng iblis.
23. Barang ingkang manggawe mungkur ing sarak
iku dhemening kapir
tan mikir ngakerat
krana donya kewala
tan ngrasa wekasan mati
sok dhasar uga
muktinya mumpung urip.
24. Adu daya kaluwihane neng donya

- pinikir siyang latri
angedohken brata
tan ana sukurira
hawane denu guranteni
sampun jinarag
kekel aneng yumani.
25. Sri Bardanas sadangune andrawina
tan liya kang kaesthi
amung Amir Ambyah
denira amengangkah
prawira wanter sinekti
wanter sembada
wusana ngantika ris
26. Yayi Prabu paran ing karsa paduka
sagah tuwan ing nguni
mring raka paduka
pejahe Jayengrana
wau-wus kalakon jurit
sarta ingobar
meksa datan ngundhili.
27. Kinembulan anumpesaken wong kathah
prang tandhing niniwasi
paran karsa tuwan
denira amengangkah
kagila kagiri-giri
digdayanira
nenggih Bagendha Amir.
28. Raja Jenggi wor suh sabdanira akras
kendela Kakang Patih
ywa susah kang manah
mungsuah manungsa Islam
ingidak wong berkuwanin
tilar praceka
gampang den piranteni.

29. Kaping kalih amba sakalangkung merang
yèn sagah nora yekti
ngong pilaur pejah
kawona prang lan Ambyah
eman jumeneng narpati
muntab krodhanya
tingal andik lir geni.
30. Sru bramaty nulya narik pedhangira
sgra binanting siti
gumebyar lir kilat
pedhang sinaut patah
kinemah dadya gulali
anyandhak gada
ingumbulken lir mimis.
31. Dhawahira nulya tinadhahan dhadha
murub angigirisi
kadya ginurenda
dhedhep gunging sumewa
gumeter Bardanas patih
datan darbe rah
ningali Raja Jenggi.
32. Sri Narendra sgra asuwareng bala
mangkat padha sawengi
nglanggar mring wong Islam
tan suda raosing tyas
sumekta sagunging dasih
saksana budhal
gunruh lampahing baris.

16. WONG AGUNG KAPUPU ING PRANG

PANGKUR

1. Mungkur ing sawengi madya
saha bala miwah para narpati
Raja Bardanas tan kantun
pirang-pirang wong Ngabsah
kerig lampit samya andharat sadarum
sampun tan nembang tengara
wus dungkap barising Mukmin.
2. Raja Jenggi gya parentah
karya luwang panjang sami lan baris
alebet wiyar tur surung
sinamun langkung samar
wus tinengran aju-unduring pakewuh
luwang neng tengah barisan
wingkinge pangarseng jurit.
3. Wus samya pinatah patah
cucuking prang pangawat kanan kering
miwah dhadhaning pakewuh
myang bala kang pacalang
myang panggenan sanjata sarat lan watu
ngundhung-undhung kadi arga
gamelan sampun rinakit.
4. Prituwini nggening tengara
kang kendhang gong teteg sampun miranti
Bardanas alon amuwus
tanya mring Jenggi raja
yayi lah punapa karanipun
amawi peluwig samar
sarwi tinata ing latri.
5. Mangsuli Jenggi narendra
luwang samar punika pan piranti

wong wanter tan yitneng kewuh
lan remen tilar bala
aprang nunjang ngandelken digdayeng pupuh
Kakang Patih titenana
yen prajurit ber kuwanin.

6. Ngranggoni budi brangasan
yekti gampang lamun ingarah pati
miwah yen ana amberung
agampang pinaekan
Sri Bardanas amesem denira muwus
leres pangandika nata
wong tiwas margane lali.
7. Wirang marga buwang weka
kumelajon dumrojog baya pati
Sang Jenggi malih amuwus
mila dalu tinata
tanpa tengran tur mawi dharat sadarum
dimen Islam ywa grahita
kageta ginetak enjing.
8. Swandana turangga rata
dimen nusul ing mangke bangun enjing
esthi blegedaba senuk
miwah raja kang jaga
pambitingan samya sun lebon sadarum
Bardanas kalangkung suka
sedalu denira gusthi.
9. Ya ta bangun kawarnaa
wong ing Ngabsah kerig nusul ing Gusti
pirang-pirang barisipun
titindhireng ngarsa
Sang Suteja Sri Jenggi wonten ing pungkur
sarwi nitih rata rukma
Sang Nata sikep jemparing.

10. Kasuluh lintang sing tawang
rebut sorot ujwala anelahi
peteng dadya padhang gumyar
lir thathit-thathit lidhah
gunastra kasunar padhange ing layung
kang tinggar pating karelam
padhang gebyar-gebyar asri.
11. Gumlundhung punang sanjata
surak-surak kadya ngrubuhna langit
gobar gurnita majemur
teteg ambal-ambalan
sanjata geng sinulet sinungsun-sungsun
geger barise wong Islam
kagyat ginetak ing jurit.
12. Kasus sagunging bala
kang saweneh prebatan den kambili
weneh ngujeg kancanipun
gigir tinrapan kapa
abusekan tambuh rowang lawan mungsuh
Amir Ambyah sabalanya
anander nunjang mring kapir.
13. Wadyanira kaceceran
ingkang tumut namung sadasa iji
Ambyah pangamuknya nempuh
mbaledig ing wong kopar
singa ingkang katrajang bubar lumayu
den andhegi surak-surak
sinander lumayu gendring.
14. Siji loro kang kacandhak
sinabet ing cumethi ajur mati
kapir bubar saya mundur
wong kapir surak-surak
Amir Ambyah amengguh pangamukipun

dene lagya saput lemah
wadya tan ana nututi.

15. Wong kapir sampun amapag
samy a aneng lurungane piranti
asumbar-sumbar gumuruh
payo prajurit Islam
wedi mati pangamuke mandheg mangu
endi rupane si Ambyah
payo nututana mami.
16. Sadaya agiyak-giyak
anggaguyu dhateng Bagendha Amir
nulya risang Jayengsatru
anggalih langkung merang
apan kadya sinebit talinganipun
sinabet ingkang turangga
pananderira lir thathit.
17. Slaminya pun Kalisahak
dereng nate sinabet lamun jurit
ing mangke pananderipun
winanti panyabetnya
kuda sareng celak lan luwanganipun
amregak ingkang turangga
yen jalma ngucap merkawis.
18. Gusti punika luwangan
pan sayekti paekaning wong kapir
brematya sang Jayengsatru
akras denya ngandika
jara napa iki amregak pakewuh
apara sira wedi pejah
dudu jara ning prajurit.
19. Kuda kinantep-kinetap
gaya malumpat turangga anglir thathit
tuna dungkap datan tutug

dhawah sajroning luwang
kapisurak kadya ingkang gunung rubuh
ngebyuk saking kering kanan
prasamyang angrutug bedhil.

20. Saweneh anosog tumbak
kang saweneh njemparing saking nginggil
gumrah swaranira umyung
gamelan munya nganggang
tambur beri gumleger swara ambarung
Raja Jenggi langkung suka
ningali Bagendha Amir.
21. Prituwin Raja Bardanas
datan tebih lawan sang Raja Jenggi
aningali saking luhur
Bardanas latah-latah
para raja guyune ambata rubuh
Jeng Ambyah kinarya lesan
wonten sajroning piranti.
22. Kapir pirang-pirang yuta
ningali neng pinggir luwangan rintip
rinangsang cumethi gempur
wong kapir pagas-pagas
kumarutug bangke kepala kang runtuh
endhas tiba anglir jawah
gembung taksih aneng nginggil.
23. Sangsaya sungsun matumpang
jroning luwang kebek kepala jisim
ajeblog ilining marus
lengket bangke akekah
kirang kedhik kuda mancik meh gumayuh
saking kebeking babathang
piluwang nganti meh radin.
24. Apan kurang sadungkapan

yen wuwuha sepuluh bathang malih
bisa mentas Jayengsatru
kang kuda bisa mancad
sadangune neng luwangan taksih manggung
Ambyah wonten ing turangga
saksana sang Raja Jenggi.

25. Sigra aparentah bala
kinen mundur denira ngebyuk Amir
tan pasah sinosog ganjur
ingedrel tan tumama
dalah kudanira pan ateguh timbul
mila samya ingunduran
parentahe Raja Jenggi.
26. Kinen angrutugi sela
gya ginutuk watu kang pirang kethi
dhasar wus mranti sadalu
watu sapirang-pirang
kadya jawah nibani sang Jayengsatru
tinangkep kang punang sela
dadya glepung ing cumethi.
27. Dangu-dangu saya sayah
kinarutug ing sela Bagendha Mir
wus pinasthi ing Hyang Agung
prapta ing ajalira
tur kapareng dadya renanireng kalbu
seda aprang sabilullah
amunah sakehing kapir.

17. KANGJENG NABI SINGIDAN WONTEN ING GUWA

ASMARADANA

1. Kasmaran seda Jeng Amir
lan kuda pun Kalisahak
wus pejah tunggil saenggen
gya surak prajurit kopar
Bardanas lincak-lincak
Raja Jenggi nulya muwus
kakang patih paran karsa.
2. Reh Ambyah mangke wus lalis
Bardanas mangsuli sabda
inggih yayi prayogine
amba ngaturi wuninga
dhateng raka paduka
pukulun nyrantos rumuhun
wonten ing ngriki kewala.
3. De prakwis mengsah Mukmin
ngamungna abdi kewala
pan sayekti dhadhal kabeh
dening pangiriding aprang
ngamungna pun Suteja
wus dadi ingkang pirembug
Bardanas mangkat sing ngarsa.
4. Sanderan samargi-margi
warnanen prajurit Islam
mangsah wus pinapagake
apan samya tinuturan
Ambyah kasambut ing prang
wong Islam karoban mungsuh
ambajelaken katulak.
5. Dhasar manahe wus alit
sanes lan wadyane Ambyah

sareng Amir pawartane
sinunduk lawan duduga
saestu lamun seda
nulya golong pipit ngamuk
umangsah sarwi karuna.

6. Tan ana sumedya urip
seleh sanjata lan panah
weneh ambuwang kudane
pangamukira lan pedhang
tinadhahan ing Kopar
kapir tumpes Islam gempur
lir sulung lebu katulak.
7. Langkung wuru denya jurit
akeh kacemplung ing luwang
samyakuwel jurite
cecepengan iket pinggang
keket pedhang-pinedhang
wadyanira Jayengsatru
tan ana gesang satunggal.
8. Pitung dasa pra narpati
mantri satriyanya dthomas
pitung ewu prajurite
sanggen-enggen denya pejah
samyakuhepani pedhang
iku babasan tinemu
lir tigan sapatarangan.
9. Yen ana kang remuk siji
sadaya datan sulaya
karam angeman patine
wus kudangane Jeng Sultan
tur korak ing sajadad
nadyan misih akukuncung
yen abdine Amir Ambyah.

10. Kalangkung-langkung kaesthi
srah pati myang praja wira
mila temahane mangke
kalakon tumpes sadaya
tur perang ajalira
santana mantri pra ratu
pejahe datan sulaya.
11. Wong kapir saya ngebyuki
tinindhihan Jenggi raja
brubul sing kanan keringe
Suteja melak sing wuntat
kapir jejel manunjang
wadya Islam mawur-mawur
tan kena pinulih ing prang.
12. Saya kathah wadya kapir
kumerap kagila-gila
tandhing jitus pocapane
siji wadya ing Madinah
satus prajurit kopar
maksih dudu lamakipun
mukmin siji sewu kopar.
13. Mukmin ngungsi wana wukir
lumayu sarta akawal
kapir ngetut saparane
babangke pating gelasah
ardi myang watu jurang
kang kisma amili marus
wong kapir sangsaya melak.
14. Bingung datan mangga pulih
sagunging prajurit Islam
ngungsi saparan paran
pra sakabat kawandasa
ngamuk-ngamuk katulak

Ngumar tansah bekah-bekuh
apisah lan wadyanira.

15. Pangamuke mobat-mabit.
kafir ginada gelasah
prandene sasat tan kalong
saking gunge wadya kopar
Ngumar lan pangiringnya
sakabat mung patang puluh
saya ingurugan bathang.
16. Pun Bilal ingkang kawarni
anander saking ing wuntat
nguwuh Bubakar wuwuse
Gusti Sayid Abubakar
tuwan nyukupi ngarsa
punika Jeng Gusti Rasul
sampun tinar ing wadya.
17. Wong kafir anggigirisi
wus celak Jeng Rasulullah
Bubakar gya wangsul age
pra sakabat kawandasa
sami wangsul sadaya
ngrebat anjageni Rasul
sadaya sami karuna.
18. Ya ta wau Kangjeng Nabi
tansah amanggung neng kuda
sarwi nglepasi panahe
adate mukjijatira
lamun manah sapisan
kethen yutan panah mbrubul
pracihna ungguling yuda.
19. Ing mangke denny njemparing
lamun lumepas sapisan
panah maksih sawantahe

sigra anyandhak sanjata
adat mujijatira
ping sakethi ungelipun
amung ingesen sapisan.

20. Sanjata mulya pinusthi
amung muni sapisan
tan saged mindho munine
Jeng Nabi kewran ing driya
kafir sangsaya ngreda
swarane umyung gumuruh
sarwi angrubut sanjata.
21. Bubakar umatur Gusti
suwawi sumingkir tuwan
Jeng Nabi dhahar ature
Ngumar angguguk karuna
sambate lir wanodya
den enggal tuwan amundur
ngungsi kapan kang prayoga.
22. Amba kang ngadhangi kapir
Abubakar sampun pisah
dhereka ing tuwan bae
Ngusman suwawi umangsah
ananggulang wong kopar
nulya katrajang ing mungsuh
mentar sarwi surak-surak.
23. Dhasar pra sakabat kedhik
kuwalahen kathah pejah
pedhot kenging mimis gedhe
Jeng Nabi lengser saksana
Bubakar aneng ngarsa
Sayid Ngabas miyak sampun
kang ngepung mring Nabiyullah.
24. Ngumar Ngusman dharat sami

angamuk kagila-gila
Ngumar nyawatken gadane
kafir mati pirang-pirang
tan wonten purun nyelak
Ngusman sinosog ing ganjur
tumpes ingamuk lan pedhang.

25. Sumyur pra sakabat sami
kinarubut ing wong kopar
ngamuk saparan-parane
wus pisah lawan Panutan
kocapa Nabiyullah
malebeng jroning wana gung
kang ndherek Ngabas Bubakar.
26. Jeng Nabi anitih wajik
kang aran pun Abulkarba
Ngabas ngapit neng keringe
Abubakar aneng kanan
lamun kapethuk kopar
seket satus apan gempur
den amuk Ngabas Bubakar.
27. Nengena wau Jeng Nabi
kocapa Patih Bardanas
ya ta ing Lakat sang katong
kagyat miyat ing Bardanas
dhateng saking paprangan
munjuk lamun Jayengsatru
wus sahid aneng piluwang.
28. Sang Nata suka tan sipi
sigra tedhak gagancangan
wus cundhuk lan Jenggi rajeng
umatur Jeng Sri Narendra
punika Amir Ambyah
rehne mangke sampun lampus
ing mangke sumangga tuwan.

29. Saksana sami ningali
dhumateng layoning Ambyah
Jengi lan Lakat Sang Katong
sri Lakat kalangkung eram
ningali Amir Ambyah
warnane bagus atulus
sigit semunya beranyak.
30. Pandedegira dumeling
kaduk tipis sariranya
jene ijo pamulune
tan mantra kalamun seda
kadya sare kewala
datan ana tilasipun
gagaman lan gutuk sela.
31. Maksih manggung neng turanggi
angasta cumethinira
Sri Lakat parentah age
mundhut layonira Ambyah
kinen ngajengken ngarsa
wong kapir angkat gupuh
wong sawidak datan kelar.
32. Nulya binantonan malih
asesak tan angsal asta
tan obah ginulingake
cumethi tansah ingasta
binenggang datan kena
sakalangkung awratipun
sarambut tan mawi obah.
33. Ana raja siji angling
iki apa maksih gesang
dene ana prebawane
kancanira salah tanpa
ginalih maksih gesang

bubar sadaya lumayu
Bardanas aburangkangan.

34. Samya kinen wangsul malih
nanging tan ana kaduga
dangu binalangan wae
saestu lamun wus seda
anuli pinaranan
ingangkat malih tan keguh
ya ta ki Patih Bardanas.
35. Umatur dhateng Sang Jenggi
layonipun Amir Ambyah
yogi binedhel jajane
kadya punapa kang manah
tinandhing manah kathah
lah punapa warnanipun
dene ta kagila gila.
36. Sang Raja Lakat nambungi
kang jaja kinen ambelah
sadaya ndhedhel aturnya
tan ana ingkang kaduga
iri-ingiri samya
sang Raja Jenggi andulu
kalangkung bramatyanira.
37. Marek mring layoning Amir
sang Jenggi tan mawi taha
sigra kang jaja binedhel
layone Bagendha Ambyah
pinendhet galihira
dhateng Jenggi Sang Aprabu
binekta aneng ngayunan.
38. Para raja ganti-ganti
ningali galihe Ambyah
tinandhing lan manah akeh

atine prajurit kopar
yekti sanes sadaya
galihe Ambyah geng bulug
amawi bolong sasanga.

39. Atine wong kapir cilik
atipis buntet kewala
sagung kang ningali gawok
kang ati nulya binelah
saengga dadya kathah
anulya sami kinumpul
nulya rinambang ing toya.
40. Ya ta inguncalken sami
manah kang sami binelah
sang Jenggi umatur alon
dhumateng narendra Lakat
suwawi masanggrahan
ing mangke mengsah wus kawus
ngamungna rencang kewala.
41. Sri Lakat lan Raja Jenggi
wus mundur sing pasanggrahan
nitih rata asri tinon
samarga-marga kasukan
nengna kang masanggrahan
ya ta Kangjeng Gusti Rasul
angungsi ing wana-wasa.
42. Wong kapir ingkang ngulari
alas guwa gunung jurang
samyakaweratan kabeh
Jeng Nabi ing tindakira
langkung kawelas arsa
samarga anusup-nusup
tansah kapregokan kopar.
43. Sapuluh rong puluh enting

ingamuk mring Abubakar
kafir tan ana sudane
Abubakar Ngabas sayah
sangsaya kuwalahan
wong kafir saparan anglud
sarya ambrondong sanjata.

44. Bubakar matur wor tangis
gusti tedhaka sing kuda
suwawi singidan anger
tyang kafir sangsaya ngreda
ngandika Jeng Muhamad
lah kapriye kudaningsun
temah ingambil wong kopar.
45. Sanadyan tumekeng pati
jaranku si Abulkarba
barenga kalawan ingong
matur Bagendha Bubakar
Gusti ramanta Ngabas
malajengna kuda Rasul
Jeng Nabi saksana tedhak.
46. Ngabas ingkang nitih
turangga pun Abulkarba
wong kafir gumruh swarane
Ngabas anulya binedhag
sinengguh Jeng Muhamad
Jeng Nabi anusup-nusup
wong kafir wus katilapan.
47. Ngungsi garumbul Jeng Nabi
nuju wonten sata wana
petak mabur giras anon
Jeng Nabi cuwengah ing tyas
wrin sata wana giras
nora wurung kafir weruh
nyata sata wana giras.

48. Dados galihe Jeng Nabi
ngandika mring Abubakar
lah iya saturuning ngong
aja na /ang nglakonana
ayam alas kinarya
ngirim donga mule mring sun
de karya kogeling driya.
49. Gya kesah malih Jeng Nabi
ngupados pangungsen samar
mung Abubakar rowange
Sayid Ngabas wus kapisah
tansah binujung kopar
sinengguh Jeng Gusti Rasul
saparan kinuya-kuya.
50. Datan kober anglawani
Abas kakathahen mengsah
kapiyandhem palayune
warnanen Jeng Nabiyullah
samana manggih guwa
sepi neng madyeng wana gung
kori ciut ing jro wiyar.
51. Manjatira punang kori
rupak tan sedheng ing jalma
Nabi amangu ing tyase
kewran denya amanjinga
saking ciyuting marga
gya myarsa swara gumuruh
kapir kang nasak ing wana.
52. Ya ta wus karsaning Widhi
guwa sedheng linebonan
mring Nabi Dutaning Manon
kalawan Sang Abubakar
warnanen kodhok kadhal

anata dhukut kang rubuh
andilati tilas-tilas.

53. Jeng Nabi awas ningali
solahira kodhok kadhal
gya wonten kamlandhingane
sajodho neng kori guwa
anulya omah-omah
jajaring sinawang samun
tan mantra denya karya nyar.
54. Sukur ing tyas Kangjeng Nabi
ngandika mring Abubakar
kodhok kadhal katigane
kemlandhingan iku uga
padha asih maring wang
poma Abubakar iku
kemlandhingan kodhok kadhal.
55. Sapa ingkang amateni
pasthi gedhe dosanira
Bubakar nuwun ature
warnanen prajurit kopar
langkung ngarsane guwa
aselur wong kapid agung
ngungak ungak guwa samar.
56. Saweneh wong kapid angling
guwa samana denungak
mangsa anaa isine
iku jaring kemlandhingan
antarane tan kambah
lan korine luwih ciyut
pasthi nora sedheng jalma.
57. Ya ta kocapa Jeng Nabi
kang wonten nglebeting guwa
adangu denira anon

kapir kang samya lumampah
sareng celak lan guwa
Jeng Nabi nulya amundur
andhampeng neng soring guwa.

58. Lawan Abubakar Sidik
arempit denya singidan
kang guwa langkung petenge
Nabiyullah angandika
lah bener Abubakar
wong kapir tan ana weruh
pareng lan thathit gumebyar.
59. Sadangune Kangjeng Nabi
neng jroning guwa petengan
gumebyar-gebyar sorote
Kangjeng Nabi angandika
lah apa karanira
guwa banget petengipun
kasunar sorot gumebyar.
60. Kaya kenyarang thathit
gumebyar temahan padhang
Abubakar matur alon
inggih gusti waja tuwan
kongas thathit lan lidhah
Jeng Nabi ciptaning kalbu
tansah nggunggung kang sarira.
61. Yen mangkono waja mami
tan ana kang tumandhinga
sajagad pan amung loro
dhingin Yusup kang suwarga
liya iku tan ana
kongasing waja ngunguwung
gumebyar lir thathit lidah.
62. Ya ta warnanen wong kapir

kang sami langkung neng guwa
sarwi lumampah sarya non
korining guwa asonya
ngomahan kamlandhingan
tan ana owah kang dhukut
saweneh ana kang ngucap.

63. Baya iku guwa sepi
pangungsenira Muhamad
rowange nauri alon
mokal yen sedhenga jalma
sabab nahut kalintang
pratandhane lawangipun
den omahi kemlandhingan.
64. Nulya wonten cecak muni
pan aneng pipining guwa
wong kapis kagyat ing tyase
pra samya ngucap mangkana
luwanging kuna-kuna
cecak muni adatipun
nora adoh lawan jalma.
65. Kang guwa den ungal aglis
yekti sesak ingkang sirah
mokal yen sedhenga ing wong
ing manah datan sakeca
nulya anyandhak sela
binalang bari lumaku
wit cecak kenging kang waja.

18. KANGJENG NABI DIPUN WELEHAKEN DHATENG JABARAIL

DHANDHANGGULA

1. Kasarkara wajane Jeng Nabi
kenging sela ginutuk ing kopar
prana kang sela imbane
gempil wajane Rasul
gya kantaka wau Jeng Nabi
trengginas Abubakar
Jeng Gusti sinambut
sinundhang wonten ing pangkyan
Abubakar anangis kadya pawestri
sasambat amlas arsa.
2. Saya gagal wau denya nangis
sadangune Jeng Nabi kantaka
Abubakar sasambate
dhuh nyawa gustiningsun
sanget temen dhendhaning Widhi
Allah Kang Maha Mulya
amba nuwun tulung
pan Nabi kekasihing Hyang
mangke rusak tuwan datan anulungi
dhateng kakasih tuwan.
3. Abubakar waspanya dres mijil
glis katekan dening Malaekat
nulya den wungu ge-age
asung salam amuwus
Jabarail dutaning Widhi
eh Sayid Abubakar
sampun tuwan tutuh
dhateng Rabilngalaminya
wruhanira Nabimu amanduk dhingin
sangat takaburira.

4. Pangandikaning Hyang Maha Suci
Abubakar nguni Gusti tuwan
ngandelaken pamanane
duk arsa mangkat nglurug
sumbar-sumbar mingkis kulambi
asring-asring ngandika
sapa mungsuhingsun
yenta misih Paman Ambyah
pira-pira mungsuhingsun laknat kapir
mangsa wania mring wang.
5. Allah Tangalah arsa nulungi
ing Muhamad yen aja ngungsia
sajroning guwa dununge
tan pracayeng Hyang Agung
kaya dudu Nabi kakasih
Allah tan kukurangan
minta kang tutulung
mokal yen datan nulunga
Allah langkung sipat murah sipat asih
sakarsa tinurutan.
6. Pangandikaning Hyang Maha Suci
puluh-puluh Jeng Nabi Muhamad
lali dhateng Pangerane
sanget tekaburipun
ujub riya tan mawi galih
sisikuning sarira
iku kang tinemu
ature gung-gung sarira
dumeh wajanira gumebyar lir thathit
dumadi manggih cela.
7. Duk sun dhawuhken timbalan nguri
matedhani pisan mring Muhamad
duk raja Lakat perange
amba ngaturi pemut

wanti-wanti datan ginalih
sadereng-derengira
amba sampun matur
yen mengsah awrat sinangga
pemut amba ywa wonten wong aprang lali
prandene tan kadriya.

8. Nulya muksa Mulkan Jabarail
Abubakar sangsaya karuna
pinepes-pepes driyane
dangu Jeng Gusti Rasul
tinangisan winungu wanti
nging tansah kapidhara
Abubakar sujud
nalangsa mring Maha Mulya
minta-minta ngapura sikuning Widhi
miwah saliranira.
9. Sru karuna waspanya dres mijil
ngantos mili pasujudanira
Sayid Bubakar ngalosod
dyan Jabarail rawuh
asung salam pan sarwi angling
eh Sayid Abubakar
tobat tuwan sampun
tinarima ing Pangeran
sigra muksa wau Mulkan Jabarail
Bubakar sukur ing Hyang.
10. Sampun enget Jeng Nabi anglilir
pungun-pungun karaos ing driya
barang kang dadya sikune
wimbuh Bubakar matur
ing sapangreh sang Jabarail
saya ajrih ing suksma
Jeng Bagendha Rasul
anutuh ingkang sarira

Abubakar nungkemi tansah anangis
langkung angresing manah.

11. Kangjeng Nabi kathah kan kaeksi
wus rumasa sikuning sarira
kadukan dening Hyang Manon
waja satunggal putung
istifarlah ywa kongsi lali
duk nandhang dukaning Hyang
sarira ginunggung
ngandika mring Abubakar
sawurine cecak den padha mateni
dadya marganing cela.
12. Pan wus pitung dina pitung latri
Kangjeng Nabi neng lebeting guwa
ganti ingkang winiraos
para sahat sadarum
ingkang samya neng puncak ardi
ngupadosi Panutan
Jeng Nabi tan pangguh
nenggih denira apisah
wus den nyana Kangjeng Nabi sampun sahid
tansah pating kulambrang.
13. Jurang guwa samya den lebeti
ing saparan tansah akaruna
sumyur tambah pangungsene
Ngumar Ngusman winuwus
Ngabas miwah Kasah prituwin
Mungawiyah pan samya
digdayanya punjul
sahbat kang kocap punika
yen kaparag kapir sewu den ijeni
tur sarwi nangga wawrat.
14. Nanging saking kehira wong kapir

mundur sayah sagung pra sakabat
ngungsi ing wana temahe
malih ingkang winuwus
Dyah Patimah kang manggung kingkin
tanpa dhahar myang nendra
bektine pinesu
anenedha mring Pangeran
muga-muga unggula ingkang ajurit
kang rama Jeng Muhamad.

15. Gerah awit Sang Dyah ing tyas kingkin
galihira tansah melang-melang
raka tan ana senggange
kawimbunan sang ningrum
ingkang rama dennya don jurit
ing manah tan sakeca
yen Sang Dyah andulu
pepethetan ing jro pura
tansah alum baskara datansah agring
nyenyet jwalaning praja.
16. Pitung dina tan pegat garimis
tedhuh limengan bumi prakempa
jagat sumingep panone
Sang Dyah kumaraningrum
lir rinujit raosing galih
tansah kumembeng waspa
kusumaning ayu
sinamur-samur tilawat
Quran aneng ngarsane sang Sayid Ngali
kang sanget denira grah.
17. Patihira nenggih Sayib Ngali
ingkang wasta nenggih Ngabduljabar
wonten ing paseban andher
miwah raja ing Babul
raja Kopah wus samya nangkil

tengga praja Madinah
pangagenging ratu
kaparentah Ngabduljabar
raja kalih abdine Bagendha Ngali
ing nguni tetelukan.

18. Siyang dalu atugur neng jawi
tansah ngarsa-arsa ing pawarta
wus kawan sasi lamine
Jeng Nabi denya nglurug
kawarnaa sajroning puri
Sayid Ngali kang gerah
anranuhi wimbuh
ing tyas sumelang ing driya
ing kang rayi Dewi Patimah sang putri
aneng ngarsaning raka.
19. Tansah nyundhang denira aguling
saya lesah sang Ngalimurtala
bisik-bisik mring garwane
dhuh nyawa ariningsun
priye wartanira Jeng Nabi
Sang Dyah mangsuli sabda
amba dereng krungu
pawartaning kangjeng rama
tindakira menggah pawartaning jurit
asor ungguling yuda.
20. Angandika Sayidina Ngali
lah ta angger ngadhanga neng marga
Jeng Nabi paran wartane
nulya utusan gupuh
Sang Dyah Dewi caraka mijil
dhawuh mring Ngabduljabar
gya manabda gupuh
kanca pacalanging marga
nulya wonten wong anom amikul karbin

sarwi nuntun turangga.

21. Gya tatanya pacalanging margi
heh ki sanak saking pundi tuwan
prajurit pundi wiyose
risang prapta sumaur
amba inggih prajurit Mukmin
saking ing pabarisan
kang tanya amuwus
paran wartane barisan
Kangjeng Nabi asor unggul kang jurit
sumaur kang tinanya.

22. Wallahualam Kang Maha Suci
gya tinanya sinten nama tuwan
wallahualam saure
genti-genti kang rawuh
atatanya prajurit prapti
saur wallahualam
samana wus katur
mring kipatih Ngabduljabar
kang prajurit nulya dipun pitakeni
paran ing pabarisan.

23. Andhap unggule Jeng Nabi Murti
sahurira pan wallahualam
Ngabduljabar malih taken
kisanak ingkang rawuh
sinten nama tuwan sayekti
sabda wallahualam
samana wus katur
mring Sang Dyah Dewi Patimah
wonten tiyang bagus anom prapta saking
madyaning pabarisan.

24. Yen tinakon saure prajurit
datan wonten mung wallahualam
miwah tinakonan maleh
mangkono sauripun

wallahualam kang Maha Suci
Sang Dyah matur ing raka
sadaya wus katur
Sayid Ngali angandika
yayi Dewi lah takonana pribadi
sapa rane kang prapta.

25. Lah kepriye yudane Jeng Nabi
Sang Dyah Dewi gya miyos tatanya
dhumateng prajurit anom
sarya manglong neng pintu
paman sapa sira kang prapti
dene ta prajuritan
estu mentas pupuh
ature kang sinung sabda
inggih amba prajurit Mukmin ing ngriki
saking ing pabarisan.
26. Dyah Patimah rum sabdanya manis
paman priye wartane jeng rama
ing aprang andhap unggule
prajurit nom umatur
ya wallahualam Kang Suci
Allah kang luwih wikan
nabda sang lir santun
lah ta sapa jenengira
amangsuli wallahualam Kang Suci
Allah kang luwih wikan.
27. Angandika Sang Dyah mring kang prapti
paman sira aja lunga-lunga
keriya neng kene bae
sandika aturipun
Sang Dyah marek marang ing laki
kang prapta keru jaba
Ngabduljabar tunggu
inggih aneng palataran
Sang Dyah Retna sampun umatur ing laki
sampun amba tatanya.

28. Saurira boten wonten malih
wongsal-wangsul mung wallahualam
amba takeni namane
pan sami aturipun
wallahualam tan malih
punika tiyangira
neng jawining pintu
alinggih aneng plataran
nenggih Ngabduljabar ingkang anenggani
Bagendha Ngali nabda.
29. Lah ta mara undangan den aglis
mengko ingsun takoni priyangga
den arikat salakune
lan pun Jabar den gupuh
tinimbangan wus prapteng ngarsi
Ngali lenggah jinagan
sereng denya muwus
priye wartaning paprangan
Kangjeng Nabi asor unggule kang jurit
matur wallahualam.
30. Sayid Ngali angandika aris
wanti-wanti denira tatanya
wallahualam saure
gya kinendelken dangu
Ngabduljabar abisik-bisik
bok inggih dipun weca
nggen tuwan umatur
wong anom nulya angucap
amung Allah uning ingkang ngudaneni
nulyanjrit Dyah Patimah.
31. Anungkemi padaning kang laki
asasambat lan awor karuna
dene ingsun dadi wadon
coba dadiya kakung
mati urip neng ngarsa Gusti
Ngali ririh sabdanya
kalamun wakingsun

ja kepalang sanget gerah
mati urip ndadhani ngarsaning Nabi
dadiya bantening prang.

32. De kapalang kang roga ngranuhi
lamun bengi tan nyana wruh enjang
urip iki supayane
prajurit anom muwus
akras sarwi ambanting karbin
yen ingsun kang mantua
mring Jeng Gusti Rasul
nora ketang lara pejah
nora ketang suku jaja sun lakoni
tan gumingsir sing ngarsa.

19. BAGENDHA NGALI NUSUL DHATENG PAPRANGAN

DURMA

1. Mundur nalika pecok ujar mangkana
talingan lir sinebit
sarira ngemurah
mulya padha sakala
Ngabduljabar den tudingi
kinen trap kapa
ngrasuk sikeping jurit.
2. Prajurit nom medal ngiseni sanjata
sarwi taken turanggi
lampahe asigra
Ngali sareng miyarsa
kadya ginosong kang galih
nyandhak Duljabar
jangkah malumpat aglis.
3. Kudanira cinandhak wus tinitihan
pun Dudul kang winarni
saklamining gesang
datang nate kinetap
tan nate kambon cumethi
lagya punika
kinetap cinumethi.
4. Kadya thahtit pun Dudul pananderira
prajurit nom nglancangi
neng ngarsa lir kilat
Ngali saya pinejah
ingantep ingkang turanggi
lakon tri candra
ing mangke den lampahi.
5. Sak liraning lidhah gunung Kut wus prapta
wong anom kang neng ngarsi

iku Malaekat
Jabrail mindha warna
kinedhepken mring Ngali
saksana musna
sira sang Jabarail.

6. Ngali ngarsa pitulungira Hyang Suksma
sakedhap netra prapti
neng madyeng paprangan
pabarisan Madinah
pambitingan panggih sepi
bala satunggal
tan wonten kang kaeksi.
7. Nanging wetan pambarisane wong kopar
anggenggong den tingali
huktar tanpa wekas
lir sagara belabar
Ngali jlog tedhak sing wajik
anulya petak
sira Bagendha Ngali.
8. Cinarita yen petak Ngali Murtala
kadya gelap sakethi
wong kathah kang pejah
horeg bumi prakempa
manggut-manggut kehing wukir
wreksa keh bongkar
sela mlesat lir mimis.
9. Wadya kapir kalenger sapabarisan
dangu tan ana nglilir
panyananing kopar
den nyana langit rebah
angrubuhi mring wong kapir
kang kapidhara
dangu-dangu anglilir.
10. Sateng nglilir sakathahing wadya kopar
lir udan sinemeni

ageger puyengan
lir gabah inginteran
angucap sakehing kapi
sarowangira
swara kang den rasani.

11. Kanca batur apa iki mau baya
kaya rubuh kang langit
saweneh angucap
apan panyananingwang
dhungkar gunung Kut ngrubuhi
weneh angucap
baya kiamat nenggih,
12. Enengena solah prajurit kopar
yata Bagendha Ngali
pramilane metak
kapyarsa wong Islam
manawa ana kang urip
myang kang umpetan
miwah kang ngungsi getih.
13. Nguwuh-uwuh Ngali dhumateng wong Islam
heh sakehing wong Mukin
lah padha tekaa
ingsun Ali Murtala
pan arsa ngayomi jurit
aja kumlamar
manahira mring mami.
14. Wong Madinah ana kang abela tampa
ya ta sisaning mati
sadaya miyarsa
lamun Ngali Murtala
prituwin kang amor mayit
tangi sadaya
ngruruh swaraning Ngali.
15. Dangu-dangu mukmin ngumpul saya kathah
panggih lan Sayid Ngali

- pan samya karuna
uluk salam sadaya
ngandika Bagindha Ngali
heh wong Madinah
Jeng Nabi ana ngendi.
16. Saur manuk sakehe wadya Madinah
amba datan udani
kirang pirsã sèda
tuwin lamun botena
pegel tyasira sang Ngali
kraosing manah
kewran denya madosi.
17. Angandika Bagendha Ngali Murtala
padha tutupa kuping
ingsun arsa petak
ngumpulken umating wang
padha gendholana sami
wreksa kang kekah
Ngali gya petak malih
18. Suprandene akathah kang kapidhara
mukmin kang wonten wingking
akathah kantaka
mendah yen kababana
warnanen kang ngungsi getih
para sakabat
miwah para prajurit.
19. Samya mapan angungsi saparan paran
neng jurang wana ngardi
wong Mukmin lir macan
tan kena cinelakan
deding wadya bala kapir
bala Madinah
para sakabat sami.
20. Nadyan siji kang kaya Bagendha Ngumar
Sayid Ngusman tanapi

Ngabas Bilal Kasah
Fakur lan Mungawiyah
nadyan kepencil ing siji
yen kinembulan
sewu boboting kapir.

21. Pisah-pisah kedhik ngumpul jangkep tiga
neng tengahing wanadri
saweneh kang arga
myang jurang trebis guwa
karoban ing mungsuh kapir
kalah asayah
sarya ngruruh ing Gusti.
22. Miwah para prajurit pra ratu Islam
kathah kang maksih urip
kedhik ingkang pejah
saking pangrekseng Suksma
mung wong cilik akeh mati
mangsa bakala
yen dhasar mesthi mati.
23. Wong Madinah yen pasaha dening braja
mangsa dadya satakir
saking kedhikira
tinimbang gunging kopar
anracak prajurit Mukmin
satus wong kopar
sinangga Islam siji.
24. Upamane tinumbak dening wong kopar
mlesed datan ngenani
ya ta sareng myarsa
ingkang samya singidan
petaking Bagendha Ngali
bala Madinah
samya grahiteng ngati.
25. Nora pangling petake Ngali Murtala
kadya gelap sakethi
wus tangi sadaya

- kang awor lan kunarpa
tindhah-tindhah lan mayit
kathah ludira
saguning bathang kapir.
26. Lir susulung mangsanira labuh kapat
bala Madinah prapti
Sayid Ngali mulat
duk lagya bala Islam
lir semut mbrubul sing siti
leganing manah
ira Bagendha Ngali.
27. Pra sakabat ingkang angriyini prapta
Ngumar Ngusman tanapi
Ngabas Bilal Kasah
Jedin Fakur Ngubedah
Mungawiyah lawan Danis
lan Andawiyah
Busofyan Sang Sangit.
28. Kalit Japarsidik Dullah Abudarda
Umiyah Sangut tuwin
Hidayat Durrahman
Pasatsah Aburerah
Semangun Wajima Kasim
lan Hukawiyah
sadaya malajengi.
29. Pan agepah denira nguluki salam
jawat asta lan Ngali
ganti-ganti samya
Ngali tansah tatanya
wonten pundi Kangjeng Nabi
para sakabat
umatur sarwi tangis.
30. Āmba datan wikan kapisah duk aprang
Ngali waspanya mijil
pan arsa apetak
wus yitna gunging Islam

sadaya atutup kuping
gandhengan tangan
gya ngiwa Sayid Ngali.

31. Sigra petak-petak sang Ngali Murtala
horeg sagunging Mukmin
kang saweneh rebah
weneh samya kasingsal
weneh sumaput wong Mukmin
genti kocapa
Kangjeng Nabi Dimurti.
32. Inggang taksih angungsi sajroning guwa
Bubakar matur aris
mring Jeng Nabiyullah
kawula amiyarsa
petake Bagendha Ngali
Jeng Nabi nabda
prenahe ana ngendi.
33. Lamun Ngali nusula mring pabarisan
ing nguni maksih sakit
sumelang tyasing wang
adoh nagri Madinah
alalakon telung sasi
luwih nglengkara
teka amung ningali.
34. Petak malih Ngali swarane lir gelap
horeg kang punang bumi
jeng Nabi miyarsa
enget pan nora samar
swaranira pan sayekti
Ngali Murtala
Bubakar matur Gusti.
35. Pan sayekti petake Ngali Murtala
suwawi miyos gusti
Jeng Nabi ngandika
Bubakar bener sira

yekti petake si Ngali
matur Bubakar
suwawi den prepeki.

36. Nulya miyos Jeng Nabi saking ing guwa
Abubakar mangiring
wus prapteng payudan
saksana katingalan
pra sakabat miwah Ngali
prajurit aglar
samyapaacak baris.
37. Pra sakabat malih sang Ngali Murtala
duk mulat Kangjeng Nabi
mlayu gurawalan
apan samya karuna
nulya sami anungkemi
para sakabat
mring pada Kangjeng Nabi.
38. Sayid Ngali sambate kadya wanodya
Jeng Nabi ngres ing galih
Nabi ngrangkul tandya
jangganira Murtala
ngaras kang kuswanti-wanti
pan esmu waspa
Ngali guguk anangis.
39. Nulya sami tata lenggah pasanggrahan
andher wadya sumiwi
Jeng Nabi ngandika
karanira Murtala
gerah sanget nusul jurit
Ngali rurira
saniskaranya sami.
40. Wusing ngaturaken solaha sadaya
sukur ing Hyang Jeng Nabi
Sayid Abubakar
geget sajroning driya

sabdane Sang Jabarail
duk aneng guwa
Bubakar saya ajrih.

41. Kangjeng Nabi asret wijiling wacana
wong tuwa sun tingali
Kangjeng Paman Ambyah
dene tan ana prapta
kaya wus sahid lan kapir
para sekabat
sadaya sahur peksi.
42. Inggih Gusti paman tuwan sampun seda
sami suwuring kapir
sayekti yen seda
ingkang dados pratandha
solah bawaning si kapir
tan mawi taha
mangrempak mring wong Mukmin.
43. Yen taksiha paman paduka Jeng Ambyah
Gusti inggih wetawis
wadya bala kopar
tan sanget denya ngidak
taksih angangge pakering
dugi kawula
Jeng Ambyah estu sahid.
44. Angandika wau Jeng Nabi Muhamad
dhateng Bagendha Ngali
lamun rembug sira
prakarsa Paman Ambyah
antekna rong dina malih
yen ta manawa
Jeng paman ngungsi tebih.
45. Yen tan prapta Paman ing dalem rong dina
iya uga yen sahid
lan gunging wong Islam
yen dhasar nora pejah

- ngrungu petakira Ngali
nadyan tebiha
ya uga padha prapti.
46. Ngali matur yen marengi karsa tuwan
amba boten suwawi
prakawis Jeng Paman
kados sampun sedaa
wus diwayah boten prapti
wondene mengсах
yogi katrajang nuli.
- 47: Angandika Gusti Jeng Nabi Muhamad
becik anganti Ngali
sajroning rong dina
Ngali nuwun aturnya
ya ta sampun kalih latri
Jeng Nabiyullah
denya ngumpul neng biting.
48. Cinarita kang sami ngungsi ing wana
saguning wadya Mukmin
kang lakon rong dina
tri dina samya prapta
nanging Jeng Bagendha Amir
estu tan prapta
dinuga lamun sahid.
49. Sahid Ngali ing manah langkung bramatya
tansah pamit mring Nabi
arsa nrajang kopar
Jeng Nabi mangu ing tyas
yen dede karsaning Widhi
nganti parentah
ajrih gumampil prapti.
50. Sampun pepak sakathahing wadya Islam
sakerine kang mati
dene pra sakabat
kang samya sabilullah

putra sami nunggak semi
miwah pra raja
satriya para mantri.

51. Ingkang samya kasambut ing ngadilaga
putrane kang gumanti
kang tan darbe putra
wangsanira gumantya
kocapa sang Raja Jenggi
tansah kasukan
miwah para narpati.
52. Pangajenge barisan pan nora owah
maksih nggenira lami
satriya myang raja
wus samya papanthan
ngarsa ing lambung myang kering
miwah pengawat
tira tansah miranti.
53. Karsanira yen wus lerep wadyanira
harsa nglurug tumuli
mring Nagri Madinah
awit saking pirembag
dera sira Raja Jenggi
sang Raja Lakat
sakarsa anjurungi.
54. Wus misuwur yen Nabi Muhamad oncat
binubarken kang baris
Sang Jenggi narendra
nanging tansah parentah
yen ana cidraning Mukmin
mila tinata
karsanira Sang Jenggi.
55. Yen tinempuh ing ngarsa wuri ywa obah
aja ana nulungi
wus ajang-ajangan
sabubuhaning papan

ywa karya gegering wuri
pinacuh samya
aywa kaya kang dhingin.

56. Rebut dhucung wekasan uleng-ulengan
saya rowang keh mati
tan uning wong lawan
kuwur ingamuk Islam
pilih panggaha ing jurit
bala saraja
papanthan anindhihi.
57. Baris mujur tinata kadya wong mlampah
ujurira kang baris
lakon pitung dina
kandele winatara
lakon sadina menuhi
sing gunging kopar
genggeng lir tambak wukir.
58. Abra sinang pasanggrahaning pra raja
warna-warna pan asri
lir pawaka sekar
ara-ara kebekan
kapit punang wana ardi
dadi tengahan
gunung Kut wus pinasthi.
59. Watak ngarga pabarisane wong kopar
kidul kilening wukir
barising Madinah
ya ta Jeng Sri Narendra
lan raja Lakat anggusthi
tukang carita
Bardanas kang tinari.
60. Patih Ngabsah Suteja nindhihi bala
sampun atur udani
Sang Raja Madinah
ngadeg malih barisnya

parentah Sang Raja Jenggi
amapag ing prang
ngamungna baris ngarsa.

61. Raja Jenggi tansah tanya mring Bardanas
pawartaning wong Mukmin
sinambi kasukan
lawan narendra Lakat
kang gendhing munya ngrangin
inu m-inuman
pepak laruh-linarih.

20. BARDANAS NGOJAHAKEN KASEKTENIPUN BAGENDHA NGALI

PANGKUR

1. Pangkur Sang Jenggi ngandika
Kakang Patih dene sang raja miskin
nguni dhadhal kalah kawus
minggat sing pabarisan
dene mangke pun kaum purun angumpul
pacak baris ing paprangan
sinten andeling ngajurit.
2. Umatur Raja Bardanas
nguni amba myarsa wartaning Mukmin
milane Muhamad purun
mapag raka paduka
andelipun mukmin gangsal kathahipun
kang satunggal Abubakar
Ngumar ingkang kaping kalih.
3. Kaping tiganipun Ngusman
sakawane nama Bagendha Ngali
punika pangagengipun
ugeraning Muhamad
kang satunggal pun Ambyah kang sampun lampus
nenggih tan dadya parentah
punika kinarya miji.
4. Sang Raja Jenggi ngandika
kakang patih lah ta wartakna sami
nenggih kadigdayanipun
Mukmin satunggal-tunggal
Kyana Patih Bardanas malih amuwus
kang nama pun Abubakar
lamun umangsah ing jurit.
5. Nunggang jaran sikep pedhang
lamun medhang sapisan masthi olih

wong seket sawidak gempur
pamuke ngarah-arrah
yen kawraten mengsah Abubakar mundur
yen kinten numpang anunjang
wruhing gelaring ngajurit.

6. Sang Raja Jenggi alatah
lumrah bae kadigdayaning jurit
Sang Raja Bardanas muwus
inggih kalamun aprang
Abubakar pan dadya kulmaking Rasul
patarenira Muhamad
asugih carita mijil.
7. Kakandha dongeng wirayat
ngadu guna pambekane wawadi
dhinahar saaturipun
dhateng ing gustinira
kwula kraga tur mara sepuhing Rasul
Sang Raja Jenggi alatah
wartakena Kakang Patih.
8. Kadigdayanira Ngumar
Sri Bardanas wacananira manis
Ngumar kalamun prang pupuh
asikep pedhang kangkam
nitih kuda tandangipun kokot bisu
wanter pangamuke wuta
yen kinten kasupit jurit.
9. Ngamuk dharat sikep gada
wrat saleksa kati kang gada wesi
yen mungsuh sawidak antuk
sewu rong ewu glasah
mara tangan andhupak miwah anjagur
singa kang jinotos remak
gregut gri wadhas babarji.
10. Asring anyenyempal tiyang
bathang gajah jaran samya cinangking
binalangaken mring mungsuh

katiban kathah pejah
tiyang gesang cinandhak kinarya gutuk
kang nobataken punika
alatah Sang Raja Jenggi.

1. Malih pun Ngusman gunanya
Sri Bardanas ngucap tan wonten malih
pangamukira apunggun
kedhik pamicaranya
gedhag-gedhig kalah ngidak menang nubruk
sabdane Jenggi narendra
iku budine wong nisthip.
2. Angamuk cara andaka
yekti kenging Kang Patih den rekani
selak lempoh sukunipun
gunane ngamuk dharat
lah ta tiyang punapa Ngumar puniku
nahuri Raja Bardanas
kwula kaweraga yayi.
3. Sang Jenggi malih ngandika
lah pun Ngusman wartakena Kang Patih
punapa digdayanipun
mangsuli Sri Bardanas
Ngusman puniki sikep gagamanipun
rikat ngulahken turangga
yen nuju sikep jemparing.
14. Wong mamanah tatas sempal
angsal jangga sirah wong tibeng siti
yen nuju asikep busur
lamun bedhil sapisan
mimis nratas wong seket sawidak gempur
yen nuju asikep watang
pan saged anggebang mimis.
15. Lan wignya ambenthak panah
unclangira saged mubeng kaping tri
tinadhahan waja murub
yen numbak kare tatas

tiyang ingkang binuntar aremak-remuk
yen medhang sapisan angsal
seket sawidak babar Ji.

16. Wong pinedhang tugel nratas
jaran tugel yuwana lamun jurit
nanging rereh tandangipun
yayi mawi iriban
datan age-age amapag ing mungsuh
waskitha gelar paekan
amawrat lawan ing jurit.
17. Sang Raja Jenggi alatah
boten eram prajurit ringak-ringik
Ngusman napa gunanipun
Raja Bardanas nabda
pun Ngusman gunanipun ahli nujum
waspada osiking jagad
netepi sakeh agami.
18. Andhukuni sakit manah
amadhangken pradata miwah ngadil
luwes ing sabarang wuwus
migunani ngaguna
netra sarja-ngarjani ing reh rahayu
nanging sinamar tan mantra
punika gunane yayi.
19. Sang Raja Jenggi ngandika
kakang patih wartakena malih
pun Ngusman digdayanipun
Raja Bardanas nabda
boten wonten malih ing kagunanipun
ngling malih sang Jenggi raja
pun Ngusman tiyang punapi.
20. Raja Bardanas angucap
Sayid Ngusman pandhita pinrajurit

inggih setaning Rasul
malih Sang Jenggi mojar
kakang patih nenggih pun Ngali puniku
punapa digdayanira
Bardanas mangsuli angling.

21. Yayi pun Ngali punika
andel-atos teguh-timbul ber-budi
lamun mangsah rowak-rawuk
ngagem pedhang Dulfakar
aneng kuda ageme aran pun Dudul
napas madu lesira
rikat sandere lir thathit.
22. Pedhange aran Dulfakar
landhep makah panjang nem dhepa sisih
pinangku wonten ing kepuh
yen mangsah kadya kilat
mangsah sewu rong ewu tri ewu gempur
saleksa rong leksa pagas
sayuta rong yuta enting.
23. Sinamber pedhang Dulfakar
gembung ngadeg endhas tumibeng siti
wong dharat griwa kesahut
nunggang jaran bangkekan
pedhot tatas gajah sigar temah remuk
kasaut pedhang Dulfakar
nadyan wreksa tigas pacing.
24. Sela ngundhung tatas-tatas
nadyan arga katembing ngantos gawing
bumi belah yen kasaut
Jenggi jaja lir ngobar
sareng myarsa Bardanas denira muwus
wusana Jenggi ngandika
dugekena Kakang Patih.

25. Kang aran Ngali Murtala
kadigdayanira punapa malih
Bardanas malih amuwus
Ngali digdayanira
lamun petak akeh gunung manggut-manggut
horeg kang bumi prakempa
bala kababan lir mimis.
26. Nadyan wreksa sempal rungkad
tyang ginetak amlesat nuli lalis
Ngali awrat sanggenipun
nambungi Raja Lakat
andaleming Bardanas anggunggung mungsuh
Raja Bardanas turira
amba punika sayekti.
27. Nging sakit kantong Madinah
tambah taksih gesang tambah ngemasi
Sang Jenggi raja nging wor suh
nging amba dereng ulap
nadyan bisa amblesa bumi sap pitu
mabura mring langit sapta
sayekti ingsun tan wedi.
28. Aprang aneng awang-awang
aprang banyu ingsun nora gumingsir
Sri Lakat latah gumuyu
wentisira ginoyang
nora susah sok masiha Yai Prabu
Sang Raja Jenggi ngandika
tiyang punapa pun Ngali.
29. Mangsuli Raja Bardanas
nenggih ingkang nama Ngali sayekti
kadang nak sanaking Rasul
ingambil mantu ngiras
nguningani sahbat kang sami pinunjul

prajurit kang seseliran
pun Ngali kang madanani.

30. Sang Raja Jenggi angucap
boten eram manira Kakang Patih
Amir Ambyah tuwan tutur
ing ka digdayanira
ngling Bardanas Amir Ambyah Jayengsatru
pamanira pun Muhamad
andeling santana aji.
31. Saderenge prapteng ajal
teguh timbul tur awani ing mati
mung cumethi agemipun
anitih kuda galak
ules dhawuk Kalisahak wstanipun
kalih ageme turangga
satunggal ulese wilis
32. Untu rangah lir reksasa
inggih ugi sami kapal sembrani
ageme sang Jayengstru
mila langkung digdaya
kuda kalih apan sami teguh-timbul
naut-nepak pagas-pagas
nguni tuwan wrin pribadi.
33. Nyumethi sapisan tatas
remuk ewon pagas sinabet mati
manah brangas ber tur purun
salaminira gesang
durung duwe sapanginang manah takut
kedhik mangsah kathah mangsah
rikat kalamun ajurit.
34. Sang Jenggi gumuyu latah
lah punapa kena den piranteni
Bardanas mangsuli wuwus

pasthine kedah pejah
manah bludag kirang rereh pambekipun
mesem Sri Narendra Lakat
anabda Sang Raja Jenggi.

35. kang patih andel Madinah
keke lima kang siji lagya sakit
keri papat siji lampus
dene dhadhal sadaya
Sri Bardanas aririh denira muwus
andel papat amung Ambyah
pramugarining ngajurit.
36. Dhasare wong Mukmin nistha
wus winawrat datan ambangkat kardi
tan purun mring Yayi Prabu
sanadyan apuruna
mangsa dadak dadya garegeting dhengkul
Sang Raja Jenggi latah
pedhange binanting siti.
37. Kang Patih lah karanira
Mukmin dene teka akumpul malih
ngedegaken kang tutunggul
kumaki mungsuh ingwang
lamun nora kaya Jenggi Sang Aprabu
kinadang sinaudara
eman yen tan ngrata bumi.
38. Sarwi pinuntir rawisnya
bekos-bekos mangkorog Raja Jenggi
ginelak denira ngidul
netra kethip ngatirah
singa mulat ajrih pangraose naut
dhasar pasmonira galak
rupanira gigilani.
39. Bakat-bakut ngering kanan

Sri Bardanas manahira kuwatir
Jenggi akras denya muwus
kakang patih dugekna
apa karanira pekir purun magut
kuwatir Raja Bardanas
saure den ngati-ati.

40. Amesthi ungas kewala
pun Muhamad saking lumuh ing isin
nanging amba nguni ngrungu
swara lir gelap sasra
bilih-bilih punika pun Ngali nusul
sun majad prajurit Islam
yen datan wonten pun Ngali.
41. Sayekti mangsa puruna
nadyan yekti manusula pun Ngali
lah wuwuha Ngali sewu
mangsa bangkata ing prang
pan wus dhasar si Mukmin kumudu lampus
sang Jenggi gumuyu latah
ginoyang-goyang kang wentis.
42. Suka Sri Narendra Lakat
duk miyarsa sagahira Sang Jenggi
ngandelken digdayanipun
kagunan wus kanyatan
sagunging wong sumewa enggar sadarum
pra raja samya gambira
akibir ngentosi kardi.

21. RAJA LAKAT DIPUN BANDA DHATENG BAGENDHA NGALI

DURMA

1. Mundur nahan pangajengira wong kopar
Suteja kang nindhihi
wong Ngabsah belabar
wus munya kang sanjata
jumegur Mukmin nimbangi
wus samya mangkat
gumuruh tengara muni.
2. Pangriking kang turangga panjriting liman
wor gedebeging jalmi
kang raga prekatha
anjrah bumi prakempa
datan kawarna ing margi
kang mangkat yuda
prapteng paprangan baris.
3. Keblat wetan wong kapir barise aglar
sinang lir gunung geni
kilen baris Islam
sampun ayun-ayunan
gumuruh suraking kapir
wadya Madinah
surake animbangi.
4. Samya muni tengarane wong ayuda
kendhang gong lawan beri
gong maguru-gangsa
teteg kaya butula
gumrah susumbaring kapir
sanjata sarat
gumludhug genti muni.
5. Giyak tempur kang dadya panganjuring prang

lir udan sinemeni
lir pendah kiamat
swarane ing payudan
kadya ombaking jaladri
lir langit rebah
gunturing sela ardi.

6. Ting galedhug ting galeger ting garebyag
pating clorot lir thathit
swara lir ampuhan
weneh lir gelap ngampar
jagat lir nggereng kapyarsi
bumi prakempa
kagenjot gonjang-ganjing.
7. Lebu bledug kasampar mumbul mring tawang
gregut Islam lan kapir
Jeng Nabi kawarna
jenengi ing ngayuda
sinongsongan mega putih
peteng ngawiyat
Malaekat jageni.
8. Lumrang tara gumebyar-gebyar liweran
mulek ganda menuhi
Ngali aneng ngarsa
pamit marang Jeng Duta
greget-greget miyarsi
datan saranta
jaja lir medal agni.
9. Kangjeng Nabi kewran denira miyarsa
mirsa turira Ngali
kendel tan ngandika
ajrih yen nglancangana
kersaning Hyang Maha Suci
sapangreh bawa
sumarah Kangjeng Nabi.

10. Awusana dodonga tumengeng wiyat
pasrah mring Maha Suci
lan pangamukira
Ngali sumanggeng Suksma
prapteng Mulkan Jabarail
sung salam nabda
eh kakasihing Widhi.
11. Karsanira Sayid Ngali turutana
nadyan mentasa sakit
wus kinarsa mulya
dening mamangshahing prang
tuwan ywa sumelang galih
Ngali Murtala
wus kalilan ing Widhi.
12. Nanging tuwan sampun supe ing Pangeran
glis muksa Jabarail
Jeng Nabi Muhamad
ngideni mring Murtala
anitih pun Dudul musthi
pedhang Dulpakar
makah nemdhepa sisih.
13. Kinen mundur sadaya prajurit Islam
Ngali nander lir thathit
barising wong kopar
tumpes ingkang katrajang
kang bangke tumpang matindhah
sakedhap netra
dadi segara getih.
14. Sayid Ngali saklangkung eklasing driya
cengeng denira jurit
tan ana katingal
pan amung pakoning Hyang
lawan pangestuning Gusti
kebat lir kilat

panrajangireng baris.

15. Kang kesaut dening kang pedhang Dulpakar
wendran baran pan enting
amung sakeclapan
kapir atutumpesan
gajah jaran sami mati
pating kurambang
timbul sagara getih.
16. Wiwit enjang kongsi andhaping asar
pangamukira Ngali
lalakon rong dina
kapir lir sinaponan
mung siji loro kang urip
ingkang ayuda
nulya kesaput bengi.
17. Nulya kondur Bagendha Ngali Murtala
sowan mring kangjeng Nabi
sagung pra sakabat
mantri satriya raja
wus daut denira jurit
ngiring Murtala
matur mring Kangjeng Nabi
18. Sampun prapta ngarsane Jeng Rasulullah
risang Bagendha Ngali
miwah pra sakabat
Ngumar Ngusman Bubakar
samyang enggar ingkang ati
ebat tumingal
pangamuke Sang Ngali.
19. Kangjeng Nabi datan amangsuli sabda
gya sukur ing Hyang Widhi
sareng sampun pepak
Jeng Nabi nulya jengkar

masanggrahan saha dasih
ganti winarna
sira Suteja patih.

20. Niba-tangi palayune barangkangan
kirang kedhik ngemasi
sampuna andhawah
saking dipangganira
anggulung awor lan mayit
pasthi palastra
sareng kasaput wengi.
21. Denya gulung awake kuthah ludira
kawarnaa ing bengi
sira Raja Lakat
lawan Narendra Ngabsah
kasukan nutug salatri
tansah bujana
lan sagung pra narpati.
22. Raja satus tri dasa kang aneng ngarsa
samyang neng kursi rukmi
lalangen bebeksan
mentarken kawiragan
pra raja Ngabsah kang luwih
Jabur putranya
wus gumanii ramaji.
23. Kapengarsa tur dadi andeling nata
ngaran Sri Drustanduryajid
sura widigdaya
ageme lamun yuda
gutuk rante angajrihi
sawidak dhepa
panjang tur pulasani.
24. Kasralkudus putrane sampun gumantya
dados raja pangalit

pan lumrah kewala
lan sagung para raja
Sri Lakat lan Raja Jenggi
sinewa gara
kasukane angenting.

25. Samya wuru mentaraken gunanira
Jenggi dhasar sinekti
wimbuh sanjatanya
ingkang aran bramastra
yen ginedheg medal geni
lan medal sarpa
wendran baran ngajrihi.
26. Mila Jenggi kongas sakti widigdaya
keringan nungsa bumi
malih cinarita
tumpesing bala ngarsa
Raja Jenggi tan udani
saking tebihnya
wimbuh katungkul sami.
27. Siyang dalu angenting kasukanira
mriyem tan pegat muni
enjang kawarnaa
kang aneng pabarisan
wus aglar atata baris
matumpa-tumpa
saraja saha dasih.
28. Mujur genggeng ana lakon pitung dina
rong dina kang wus tapis
keri lalampahan
limang dina kang wetah
Sutejarsa ngungsi gusti
angayam-ayam
medal jawining baris.

29. Baris tengah wruh yen ngarsanira dhadhal
rinusak ing wong siji
prayitna atata
nungsun bedhil saratnya
gunging wong ngawet jepiping
tansah angulab
ulabing kanan kering.
30. Ya ta Kangjeng Nabi aneng pasanggrahan
pra sakabat siniwi
satriya pra raja
wus samya dandan yuda
Ngali tansah amambengi
lir cocok mangsa
denya matur ing gusti.
31. Gusti sampun dados damele wong kathah
risaking laknat kapir
pasrahna ing Suksma
mangke amba kang mangsah
kapir kaping kalih neki
jengkelen manah
tan purun angajoni.
32. Tansah kendel Jeng Nabi sumanggeng Suksma
tumenga mring wiyati
Jabarail nulya
prapta sung salam nabda
Muhamad tuwan turuti
Ngali Murtala
gya muksa Jabarail.
33. Kangjeng Nabi ngandika Ngali mangkata
wus linilan ing Widhi
Ngali sigra mesat
nitih kuda lir kilat
prapteng pabarisan kapir
lumepas nrajang

dadi segara getih.

34. Bangke gajah jaran jalma ting kurambang
Abubakar winarni
lan Bagendha Ngusman
nusul dhateng barisan
nonton pangamuke Ngali
saking tebihan
innalillahu kalih.
35. Ebat mulat Bubakar kalawan Ngusman
kuwasane Hyang Widhi
tandhange Murtala
kadya dudu manungsa
lir Malaekat Ngijrail
kala met nyawa
sakedhap wong sakethi.
36. Gempur tumpes mung sinamber sakeplasan
sidhakep sabat kalih
apan munggeng kuda
jaran ngidak babathang
tan arsa lemah kaeksi
namung mayit rah
pirang-pirang pamedhil.
37. Nempuh ngidul Bagendha Ngali Murtala
sakeplasan winarni
agunung kepala
nempuh ngaler narajang
gunung wangke tumpang-tindhih
pedhang Dulpakar
angleburaken kapir.
38. Wongsal-wangsul Bagendha Ngali lir kilat
pitulunging Hyang Widhi
kapir baris tatas
tatas mung sakedhepan

- turangga tan ngambah siti
sang Ngali wegah
saking robira kapid.
39. Tinanggal ing tengah yen nuju narajang
lir lurung baris kapid
sacalangaping pedhang
tigas pacing wong kopar
lakon patang dina enting
lir sinaponan
panempuhira Ngali.
40. Saking gunging kapid baran wendran wurdan
baris upama warih
sinabet ing pedhang
pasah sayekti pisah
nanging taksih pulih malih
lir lulurungan
sakedhap pulih malih.
41. Tur tan ana wong kapid kongsiya indha
saking kebate Ngali
lir suket binabat
tumpes tapis katrajang
nanging saking gunging kapid
puluh kewala
kang brastha tan katawis.
42. Ing paprangan meh sadhengkul ilining rah
ngrubyuk segara getih
saking gunging kopar
prandene datan telas
kemengan Bagendha Ngali
karaos sayah
jlog tedhak saking wajik.
43. Kudanira cinepengan asta kiwa
Ngali nulya alinggih

neng remukan bata
noleh wuri saksana
wonten tiyang nini-nini
lagya anjenang
Sayid Ngali marani.

44. Nuntun kuda cinancang celaking wisma
nini tuwa nulya glis
kuda pinakanan
tur sinandhingan toya
pun Dudul gya nginum warih
sigra ni tuwa
jenang wus den wadhahi.
45. Sayid Ngali lenggah jejer lan ni tuwa
jenang sumaos ngarsi
ni tuwa angkatag
nak bagus tuwan dhahar
jenang kawula puniki
Ngali gya nyandhak
suru dhasare angling.
46. Mangkat dhahar ingkang sinuru ing tengah
nyu tuwa nyandhak aglis
astaning Murtala
ni tuwa sarya ngucap
lah ta anak bagus sisip
amburu tengah
mangsa kena binukti.
47. Apan benter sanajan pinesakena
tuwan dhahar sayekti
mangsa nuwukane
Sayid Ngali tatanya
paran denira abukti
ni tuwa ngucap
surunen saking pinggir.

48. Ubengana mayar denira tan panas
sinuru saking kedhik
dangu-dangu telas
Ngali mangsuli sabda
lir pundi telasnya nyai
kang jenang kathah
binuktiya wong katri.
49. Inggih ugi mangsa ta sageda telas
ni tuwa sabdanya ris
nadyan kawan panjang
tuwan dhahar priyangga
yen kubengan saking pinggir
sayekti telas
lawan karsaning Widhi.
50. Sayid Ngali dereng ngantos dhahar jenang
sareng miarsa angling
kendel wus kadriya
pasmoning nyai tuwa
Ngali ngadeg sarwi angling
sampun katedha
sih pakenira nyai.
51. Ngali sigra marepeki kudanira
risaksana wus nitih
ni tuwa gya musna
sawismanira sirna
saya geget Sayid Ngali
kuda kinetap
lumarap kadya thathit.
52. Baris kapir kang lampahan kawan dina
ingubengan mring Ngali
akebat lir kilat
datan ngantos saejam
kapir sampun sirna gusis
asagara rah

jaran gajah myang jisim.

53. Ting kurambang tumpes tapis gunging kopar
sadhengkul jroning getih
ingkang kapidhara
kasilep sagara rah
asrang kabenter ing rami
kalangkung panas
wong klenger laju lalis.
54. Siji loro kang gesang kapeksa mlajar
kaborang sara lungit
ing katemah pejah
lakon sadina gempang
kapir kadya den saponi
wana katrajang
pan kadya den babadi.
55. Wreksa pating kurambang neng segara rah
ngundhung tugel kang kadhis
sela geng samya crah
gunung anakan pagas
katrajang Bagendha Ngali
pamiderira
ping sewu nratas kapir.
56. Kadya thathit muwer aneng pabarisan
keplasira sing pinggir
temah tekeng tengah
kawasaning Pangeran
Ngali drema anglakoni
pitulunging Hyang
dhateng Jeng Nabi Murti.
57. Abubakar Ngusman gedheg-gedheg mulat
tanpa kumedhep kalih
samya ebat mulat
kondur mring pasangrahan

- Bubakar Ngusman sang kalih
sukur ing suksma
atuwuk dananing sih.
58. Kawarnaa wau sang raja ing Lakat
kalawan Raja Jenggi
anutug kasukan
lan sagung para raja
lawan samya pacak baris
neng ngara-ara
lir jalanidhi ngalih.
59. Abra sinang busana lir ardi kobar
tarubira winarni
sangkelat tur wiyar
respati pinlisiran
songket wiron sutra wilis
kalih narendra
pinrak neng langkat rukmi.
